КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Стратегие зыужьынысгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ советым и зэІущІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек накъыгъэм и 25-м иригъэкІуэкІащ Стратегие зыужьынысгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ советым и зэІущІэр.

ЗЭХУЭСЫМ щыізэхалъхьэжащ лъэпкъ проектхэм кІыщыгъэлъэгуахэр гъэзэщІэным техуауэ 2020 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэпІагъэкІаІэхэр икІи зыхуагъэувыжахэм ящыщу дызэрыт илъэсым и я1я мазэхэм зрагъэхъулІаХэр.

ЗэІущІэм зыщыхэплъэну яубзыхуа Іуэхуэхэр зэпкърахыу абы къыщыпсэльащ КЬР-м и Правительсвэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КЬР-м и Правительствэм и Унафэщым и я1я къуэдзэ **Къуныжь МуІэед**, КЬР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Хьубий Марат**, КЬР-м экономикэ зыужьынысгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис**, КЬР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьынысгъэмкІэ и министр **Ащхъуэт Ислъам**.

Зэхуэсым хэтащ КЬР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и аппаратым КЬР-м кЬегъэщІыІІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, министрхэр, муниципальнэ зэгугъэныгъэхэм я щыІэпІэ administрацэхэм я Іэтащхьэхэр, кІэлъыплъакІуэ, къэпщытакІуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ я унафэщІхэр.

КІуэкІуэ Казбек къыхиригъэщащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэныр, илъэс кІуами хуэдэу, щыІналъэ властым и кІудамэ псоми я дежкІэ я1я игъэщІпхъэ Іуэхуэхэм ящыщу къызэрыпэжьыр икІи Советым и къалэныр - абы къырикІуахэр зэпэлъытыныпэ лэжьыгъэр зэрекІуэкІымрэ и нэІэ тригъэтыныщ. «Гулъытэншэу къэбГанэ хъуну а лэжьыгъэм зыри хэткъым. Лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным хуэгъэза дэтхэнэ ди зы лъабакъуэри мурад пыухыкІаи хуэгъэпсащ икІи ди цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІащ», - къыхиригъэщхьэхуКІащ республикэм и Унафэщ1ым.

Мусуков Алий жиІащ 2020 гъэм лъэпкъ проектхэр щІыналъэм щыгъэзэщІэным сом меларди 8-м щигъу зэрыухахар. Гъэр экономикэ и лъэныкъуэкІэ гугъуу зэрыщытами емылытауэ, щІыналъэр яхэхуащ къыхуаутІыпщащ мылъкур нэхъыфІу къыщагъэсэбэна щІыпІэхэм - кърата ахъшэм и процент 95,8-р зыхухаха Іуэхум трагъэкІуэдащ, Урысейм а бжыгъэр ику иту зэрыщыхуэр процент 93,2-рэщ. «А псом къадзэкІуэу, къэрал бюджетым щыщу а пІалъэм ЗкъэкІуэнымрэ зэсэбэпу къэна ахъшэхэр 2021 гъэм ейм къыщІагъэжащ икІи социальнэ мыхьэнэ зиІэ цІыхухэм я хьэмкъкІи, республикэ бюджетым щыщу хущІагъу мылъкуи щІагъунущ. «Мы зэманым ирихьэлІэу а лэжьыгъэм къыхуэдгъэсэбэна мылъкур илъэс кІуам и апхуэдэ зэманым кърибубудэу тхуэзэфІэкІам еплъытмэ, мыгъэрейр хуэдитІым щигъукІэ нэхъыбэщ, Урысейр зэрыщыту къапщтэми КИФЩІ-ми къыщагъэлъагъуэ бжыгъэхэм нэхърэ хуэдитІым щигъукІэ нэхъыбэ хъуащ ар, - жиІащ Мусуков Алий. - ЗэгурыІуэныгъэу зэтщІыпІаХэм я куэдагъуэм и гугъу пщІыкІэ, процент 64,3-рэ мэхъу, ар хэпщІыкІыу нэхъыбэщ илъэс кІуам и иджы хуэдэ зэманым ехъулІэу тхуэзэфІэкІам нэхърэ - 2020 гъэм а зэрыхъуэу щытар процент 36,5-рэщ. Къэрал, муниципальнэ зэгурыІуэныгъэу зэтщІыпІэну ди мурад 437-м щыщу 281-м Іэ теддзакІэщ».

Мусуков Алий и докладым къыщыхигъащащ «ПсэупІэмрэ къалэ кІуэщІым и зэІузэпэщІыгъэмрэ» проектым икпкъ иткІэ лэжьыгъэшхуэ зэрекІуэкІыр. «Псом я1пэрауэ, ар кхъахэ хуэдэу 2017 гъэм и щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу къалъыта унэхэм щІэсхэр абыхэм къыщІэгъэІэпхъыкІыным хуэунэтІа программэр зэрыдгъэзэщІарщ. Дызэрыт илъэсым ди мурадщ апхуэдэ унэ метр зэбгъуэзнатІэ мин 13-м щигъум щыпсэухэр къыщІэдгъэІэпхъыкІыну, псэупІэхэр иратынущ цІыху 788-м. «Апхуэдэ щІыкІэкІэ, илъэситхум тещІыхьа программэр илъэсищым кърибубудэу зэфІэдгъэкІынущ. ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм зегъэужьыныкІэ фондым хухаха мылъку псори ирикъу къытІэрихьащ», - жиІащ абы.

Къуныжь МуІэед зэрыжиІамкІэ, ухуэныгъэ Іэнатіэм мы гъэм псэупІэу щатыну я мурадщ метр зэбгъуэзнатІэ мин 513-рэ, илъэсым и я1пэ мазищым хьэзыр ящІащ метр зэбгъуэзнатІэ мин 41,5-рэ, ар илъэс кІуам яхуэзэфІэкІахэм процент 11,3-кІэ щІегъу. Къалэм тыншыпІэхэр къыщыізэгъэпэщыным хуэгъэза проектым хыхьэу муниципальнэ зэгуХьэныгъэ 40-м цІыху зэхуэсыпІэу 32-рэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщІантІэу 89-рэ зыхуей хуагъэзэну я мурадщ.

«Псы къабзэ» проектым и гугъу щащІым, вице-премьерым къыхигъэщащ мы зэманым жылэхэм псы щэным, къэгъэсэбэпахэр къыІушыным хуэгъэза проект 18-м зэрелэжьыр, идкыри зы объектым техуэа зэгурыІуэныгъэр зэрагъэхъэзырыр. КъымыдзкІэ, муниципальнэ зэгуХьэныгъэхэм сом мелуан 47-рэ хуэдизу хухахащ цІыхухэр псыкІэ кьызэгъэпэщыным хуэгъэпса объектхэм я проектхэр зэхэлъхьэным трагъэкІуэдну.

КІуэкІуэ Казбек гулъытэ хуащІыну къиГэуващ жылэхэр псыкІэ кьызэгъэпэщыным нэсу пэлъэщыну объектхэр щІыным а унэтІныгъэм хуэІэзэ Іэщіагъэлъхэр кьыхащІну.

«Шынагъуэншэ икІи фІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъэзгуэр» лъэпкъ проектым хьыхьу я мурадщ щІыналъэ гъуэгуу километри 100-м щІигъу, Налшык къалэм ейуэ километр 13 ятыну. Километр 37-рэ хуэдизым я Іуфэхэм уэздыгъэхэр щыфІадзэнущ, лъэс зэпрыкІыпІэу 192-рэ зыхуей хуагъэзэнущ.

Хьубий Марат зэрыжиІамкІэ, щэнхабзэ Іэнатіэм мы зэманым яужь щихьащ проектышхуэ зыбжанэ гъэзэщІэным: Налшык къалэм щэнхабзэ зыужьыныгъэмкІэ центр къыщызэгъэпэщыным, Дзэлыкъуэдзэс жылэм ЩэнхабзэмкІэ унэ щыхуэным, Балъкъэр Ипщэ, Дальнее, Джэрмэншык, Дыгулыбгъуей къуажэхэм Щэнхабзэмкі я унэхэр, Ныбжьыщіэхэм я театрыр, Налшык дэт Гуащэ театрыр къызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжьным. Къымыдзкіэ, проектым хагъэхьащ Къулъкъужьи Ищхъэрэм сабийхэр гъуазджэм щыхуагъасэу дэт еджапІэр, Къыпі Мухьэмэд и цІэр зезыхьэр, Дзэлыкъуэжьэ и щІыналъэ сабий макъамэ еджапІэр къызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжьным ехьэлІа лэжьыгъэхэр.

КІуэкІуэ Казбек жиІащ Урысейм щэнхабзэмкІэ и министрым иджыблагъэ щыІущІам къызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжьын хуейуэ республикэм иІэ щэнхабзэ Іуэхущіапіэ зыбжанэ лъэпкъ проектым иджыри хагъэхьэным техуауэ зэрызэгурыІуэр. «Къэрал министрствэм абы ехьэлІа Іуэхуэхэр зэрыщыпхыгъэкІынным яужь фит», - Іэтащхьэм КЬР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин апхуэдэ пщэрыпІ хуищІащ.

- «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым икпкъ иткІэ бгъэІэпхъуэ хъу флюорографитхуэрэ маммографитІрэ щІыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэхэм къыхурагъэщэну зэгурыІуэныгъэхэр зыхуэфащэ Іэнатіэхэм етщІыпІащ. Шыщхьэ1ум иджырей компьютер томографхэр республикэ клиникэ сымаджэщым лъэнтхуэ узыфхэм щеІззэ и щІыналъэ центрымрэ Онкодиспансеримрэ къыхуащэну дыщогугъ. Абы нэмыщІ Онкодиспансеримрэ мэкъуауэгъуэм къыхуащэну дыпоплъэ С-дуга лІэужьыгъуэм хуэдэ рентген Іэмэпсымэрэ эндовидеоскопие комплекситІрэ, - жиІащ Хьубий Марат.

Республикэм щыпсэухэм диспансер кІэлъыплъныгъэхэр ядегъэкІыжьын іэжьыгъэми пащэ. Илъэсым зэрыщІидзэрэ цІыху мини 120-м я зышнагъэм и щытыкІэр зыхуэдэр къапщытащ, е мы гъэм абы къызэщІрагъэубыдэн хуей процент 25,3-м щыщу процент 13,7-м а лэжьыгъэр драгъэкІыгъэкІащ.

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым къриубыдэу 2021 - 2022 гъэхэм я мурадщ кУрыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущіапіиті ящыну - цІыху 500 щІэхъуэу Куба кхуажэм щауухуэнумрэ Прохладнэ къалэм цІыху 785-м ятещІыхьауэ дащІыхьынумрэ. Ежмапіэхэм я техникэ лъабжьэр гъэбыдэнымі хуэгъэза Іуэхуэхэми пащэ. Зи ныбжьыр школ кІуэгъуэм иджыри намысэ щІыкІуэм щакІэлъэпІпІ Іуэхущіапіэхэр нэхъыбэ щІын мурадкІэ яслъэхэр къыпащІыхьныщ сабий садхэм. Къапщтэмэ, апхуэдэу ухуэныгъибліар и кІэн нагъэсынурэ щІэуэ тІу къыщрагъэжьэнущ Бэтэх, Бахьсэн Ипщэ кьуажэхэм.

КЬР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм и кІэуэм жэрдэм зыбжанэ къыхилъхьащ. Стратегие зыужьныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ советым и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкІэм ехьэлІауэ. Щынальэм и Іэтащхьэм Советым хэтхэм гу лъаригъэтащ ухуэныгъэхэм еввэлІа Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэм и фІагъым ткІийуэ я кІэльыплъын икІи яГъэува пІалъэм къитІасэу ахэр ятыным я нэІэ трагъэтын зэрыхуэйм. Абы къыхиригъэщхьэкІащ хабзэм къарит Іэмал псори кьаГъэсэбэлу, лъэпкъ проектхэм ятеуха зэгурыІуэныгъэхэр зэщІыпІэным, ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ организацэхэу къарат заказэр зыгъэзащІэхэм быдзу я1пащІауэ щытыным зэрегугъупхъэр.

КЬР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПІЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№59 (24.185) ● 2021 гъэм накъыгъэм (майм) и 27, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЬР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхуэхэмкіэ советым и зэІущІэр. Ар траухуащ Урысейм и хьэрычэт Іуэхум и махуэм.

Зыужьынысгъэм теухуауэ

● Дыгъуасэ

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЬР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КЬР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкІэ, зыужьныгъэмрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ и комитетым и унафэщі **Іэпщэ Заур**, Правительствэм хэтхэр, хьэрычэтыщІэхэр, республикэм и мэкъумэшым, промышленностым, щІэныгъэм, иджырей технологиехэм елэжьхэр.

КІуэкІуэ Казбек псом япэу республикэм и хьэрычэтыщІэхэм ехъуэхъуащ Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкІэ 2007 гъэм яубзыхуауэ щыта я махуэшхуэмкІэ.

- Хьэрычэт Іуэхуэр къаруушхуэ зытекІуадэ, зэпымыуэ уэ уи зэманыр зытеухуауэ щытын хуей Іэнатіэщ. Аращ ар щІэгугъуэр. Ипэкіэ уплъэфу, Іуэхум и пІалъэр пщІэуэ щытмэ, абы щыгъуэщ мурадхэр къыщохъулІэнур. Си гум къыбгъэдэкІыу сыхуейт ди хьэрычэтыщІэхэм сынывэхъуэхъуну, жэрдэм зэрыфэхэлъым, щыхуэ я дежкІэ я1 мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэхэр зэрывлэжьым папщІэ, - жиІащ КЬР-м и Іэтащхьэм.

- Хьэрычэт Іуэхуэр зэрефІакІуэм къыгъэхьащІэ имыІэу епхащ республикэм и щэнхабзэ Іуэхущіапіэ зыбжанэ лъэпкъ проектым иджыри хагъэхьэным техуауэ зэрызэгурыІуэр. «Къэрал министрствэм абы ехьэлІа Іуэхуэхэр зэрыщыпхыгъэкІынным яужь фит», - Іэтащхьэм КЬР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин апхуэдэ пщэрыпІ хуищІащ.

- «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым икпкъ иткІэ бгъэІэпхъуэ хъу флюорографитхуэрэ маммографитІрэ щІыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэхэм къыхурагъэщэну зэгурыІуэныгъэхэр зыхуэфащэ Іэнатіэхэм етщІыпІащ. Шыщхьэ1ум иджырей компьютер томографхэр республикэ клиникэ сымаджэщым лъэнтхуэ узыфхэм щеІззэ и щІыналъэ центрымрэ Онкодиспансеримрэ къыхуащэну дыщогугъ. Абы нэмыщІ Онкодиспансеримрэ мэкъуауэгъуэм къыхуащэну дыпоплъэ С-дуга лІэужьыгъуэм хуэдэ рентген Іэмэпсымэрэ эндовидеоскопие комплекситІрэ, - жиІащ Хьубий Марат.

Республикэм щыпсэухэм диспансер кІэлъыплъныгъэхэр ядегъэкІыжьын іэжьыгъэми пащэ. Илъэсым зэрыщІидзэрэ цІыху мини 120-м я зышнагъэм и щытыкІэр зыхуэдэр къапщытащ, е мы гъэм абы къызэщІрагъэубыдэн хуей процент 25,3-м щыщу процент 13,7-м а лэжьыгъэр драгъэкІыгъэкІащ.

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым къриубыдэу 2021 - 2022 гъэхэм я мурадщ кУрыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущіапіиті ящыну - цІыху 500 щІэхъуэу Куба кхуажэм щауухуэнумрэ Прохладнэ къалэм цІыху 785-м ятещІыхьауэ дащІыхьынумрэ. Ежмапіэхэм я техникэ лъабжьэр гъэбыдэнымі хуэгъэза Іуэхуэхэми пащэ. Зи ныбжьыр школ кІуэгъуэм иджыри намысэ щІыкІуэм щакІэлъэпІпІ Іуэхущіапіэхэр нэхъыбэ щІын мурадкІэ яслъэхэр къыпащІыхьныщ сабий садхэм. Къапщтэмэ, апхуэдэу ухуэныгъибліар и кІэн нагъэсынурэ щІэуэ тІу къыщрагъэжьэнущ Бэтэх, Бахьсэн Ипщэ кьуажэхэм.

КЬР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэм и кІэуэм жэрдэм зыбжанэ къыхилъхьащ. Стратегие зыужьныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ советым и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкІэм ехьэлІауэ. Щынальэм и Іэтащхьэм Советым хэтхэм гу лъаригъэтащ ухуэныгъэхэм еввэлІа Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэм и фІагъым ткІийуэ я кІэльыплъын икІи яГъэува пІалъэм къитІасэу ахэр ятыным я нэІэ трагъэтын зэрыхуэйм. Абы къыхиригъэщхьэкІащ хабзэм къарит Іэмал псори кьаГъэсэбэлу, лъэпкъ проектхэм ятеуха зэгурыІуэныгъэхэр зэщІыпІэным, ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ организацэхэу къарат заказэр зыгъэзащІэхэм быдзу я1пащІауэ щытыным зэрегугъупхъэр.

Урысей Федерацэм и Президентым пщэрыпІэ къыпхуэхэр зэдгъэзэхъулІэным. Абы и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщІэхэр зыхуагъэувыж къалэнхэм пэлъэщу кьызолъытэ. КьыхэгъэщІапхъэ щыхьэт Іуэхум зегъэужьыным, абы хэтхэм защІэгъэкъуэным республикэм гулъытэ ин зэрыщыхуэтщІыр. Си гугъэщ республикэ унафэщІхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ адэкІи дызэрызэдалэжьэну Іэмалыщ1эхэм дегупсысыну.

КЬР-м и курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр **Щоджэнцыкіу Мурат** зэІущІэм щытепсэльыхьащ туризм Іуэхум ехьэлІауэ республикэм щагъэзащІэ инвестицэ лэжьыгъэхэр зыхуэдэм. Абы зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыгъэпсэхупІэ Іэнатіэм Іуэхуэщіапіэ 220-м щІигъу кьызэщІеубыдэ.

- 2021 гъэм и я1пэ мазищым республикэм къэкІуащ цІыху мин 240-м щІигъу - ар нэгъабэрейм еплъытмэ, процент 70-кІэ нэхъыбэщ. ДызэрепльымкІэ, зыгъэпсэхуакІуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуар епхащ, хамэ къэралхэр зэрызэхуащІам и мызакъуэу, республикэм и хьугъуэфІыгъуэу щыт щыпІэхэм зегъэужьынымрэ цІыхухэм я шынагъэншагъэр кьызэгъэпэщынымрэ къарууз етхьэлІам.

Щоджэнцыкіу Мурат щхьэхуэу къытеувыІащ министерствэм УФ-м «Экономикэ зыужьныгъэмрэ инновацэ экономикэмрэ» и курсым программэм хэтыну хуигъэхьэзыра инвестицэ проектхэм. Апхуэдэщ илъэс псом лэжьэным тещІыхьа «Джылы-Су» зыгъэпсэхупІэр зэрызэтраублэнур. КьыкІэлъыкІуэ проектыр зытеухуар Ипщэ Гуэл щхьэуантІэхэм я Іэгъуэблагъэм зэрызрагъэужьынырщ - бгы-лыжэ кьежэхыпІэхэр (километри 6 и кІыхьагъуэ), кІапсэ гъуэгуэхэр, хьэщІэщхэр, псыгуэн, спорт Іуэхущіапіэхэр зыхэт центрхэр абдежым щыІэу. Ещанэу министрыр къызытеувыІа инвестицэ проектыр «ХьэпІохъыущхьуэм и жыг хадэ» зыгъэпсэхупІэр зэрыгагъэфІэкІуэну щыкІэрщ. Иужьрейм текІуадэну кьагъэлъагъуэ сом меларди 2,5-рэ.

КЬР-м и Іэтащхьэм жиІащ туризм Іуэхур и мыхьэнэкІэ зэрыкуур икІи уэзлэжьын унэтІныныгъэ куэд абы зэриІэр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыуэпс къулей зэрыбгъэдэлъыр къэплъытэмэ, дыхуиткъым ди туризмэр адрейхэм къакІэрыдгъэхуну. Сыхуейт хьэрычэтыщІэхэм а Іэнатіэм гулъытэ хуэфащІыну, - кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр» и гуэдзэным хьыхьэу, 2018 - 2020 гъэхэм республикэм инвестицэ Іуэхуэ 10 щагъэзэщІащ.

Къэпсэльам къыхигъэщащ «2016 - 2025 гъэхэм ятещІыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм елэжьын» гуэдзэным хьыхьэ инвестицэ проектхэм ахъшэ хуэхяныр къызэрызэтрагъэувыІар Дрю Ричард шхэпс зыкІэрылъ тхьилъымпІэпсыр - скотч жыхуэтІэр - къызэригупсысам щыхьэт техуэу тхьилъ ятащ.

♦**1934 гъэм** СССР-м къыщащтащ «Спортым щІыхь зиІэ и мастер» цІэ лъапІэр.

♦**1969 гъэм** Совет Союзым къыщызэрагъэпэщащ «Машина времени» уэрэджьІакІуэ ансамблыр.

♦**1977 гъэм** СССР-м и Къэрал гимныр къащтащ.

♦США-м щыщ къыфакІуэ цІэрыІуэ, дунейпсо гъуазджэм хэлъхьэныгъэхэр зэуэзыщІауэ къалъытэ, Есенин Сергей и щхьэгъусэу щыта **Дункан Айседорэ** къызэралъхуэр илъэсу 144-рэ ирокъу.

♦Актёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Шалевич Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Урысей киноактрисэ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м щыхь зиІэ и артисткэ **Шукшина Марие** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритмыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхьэунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущ1ыгъэ:

УзэпэгэкІыр къопэгэкІыж.

Гу зылъытапхъэ

КЬР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пщІэтыным техуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр зэдэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● Хъуэхъу телеграммэхэр

ЛІыфІыгъуэ ныбжь

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хь. Хь. деж

Пщ1э зыхуэсщ1 Хьэутий Хьэзрит и къуэ!

Уи ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъумкІэ си гум къыбгъэдэкІыу сынохъуэхъу. Кавказым щыщ цІыхухъум дежкІэ ар ІущыгъэкІэ гъэнщІа лІыфІыгъуэ ныбжьщ, Іуэхуфі куэдрэ текІуэныгъэщІэхэмрэ къыпэзыгъапІьэщ.

Уэ илъэсипщІ бжыгъэ зэрыуэ хьэлэлу Хэкум, укъызыхэкІа лъэпкъым уахуолажьэ. Къыпіпэщыльъ гъуэгуанэри нэхуу, ехъулІэныгъэхэмкІэ гъэнщІауэ щрырет, сыт хуэдэ Іуэхуми ехъулІэныгъэкІэ щыщыпхъу, жэрдэмыщІэхэр гъащІэм хэпщІыфу улажьэну си гуапэщ! Сынохъуэхъу узынщагъэ быдэ уиІэну, псэкІи Іэпхъпхъкъкіи ужану илъэс куэдкІэ упсэуну, ди Хэкушхуэмрэ дыщалъхуа щыналъэмрэ яфІ зыхэлъ Іуэхуэхэр къохъулІэну!

КЪАНОКЪУЭ Арсен,
КЬР-м и Гъэзэщ1акІуэ властым и лЫкІуэу Федерацэмкіэ Советым хэт, Щ1ЭныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) Академием и президентым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ.

ЦІыхубэм пщІэ зыхуащІ

Пщ1э зыхуэтщ1 Хьэутий Хьэзрит и къуэ! Дунейпсэ Адыгэ Хасэм и Хасащхьэмрэ Гъэзэщ1акІуэ гупымрэ хэтхэм къабгъэдэкІыу дынохъуэхъу уи махуэшхуэмкІэ - уи ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъумкІэ!

Уэ уи цІыбгъэ къыдэлъщ лэжьыгъэфІкІэ гъэнщІа илъэс куэд. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэм уэрэытурэ зыІэрыбгъэхьа Іулыдж лъагэр, ехъулІэныгъэшхуэхэр, апхуэдэуи «Россельхознадзор»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр референтны центру иджыпсту узиунафэщІымрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент Іэнатіэмрэ къыщыбгъэлъагъуэ зэфІэкІхэр я щыхьэтщ ІэщагъэлІ нэсу уэзэрыщытым, Іуэхум фІыуэ зэрыхэпщІыкІым, мурадхэр зэгъэхъулІэным уэзэрыхущІэкъу зэпытым, хьэл-щэн дахэ зэрыпхэльым.

Еб'гъэкІуэкІ жылагъуэ-политикэ Іуэхуэхэмкіэ уэ ущыщІэрыІуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысеймрэ я закъуэкъым, атІэ адыгэхэр (шэрджэсхэр) щыпсэу нэгъуэщІ къэрал куэдми фІыуэ ухъущащІэ. Уэиунафэщі Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэр хуэунэтІащ дунейм и къэрал куэдым щыпсэу адыгэхэм (шэрджэсхэм) я тхьідэм, щэнхабзэм, хабзэм нэхъыфІу хэлъхэр хъумэнымрэ ахэр гъэбэгъуэнымрэ. Мыхьэнэшхуэ иІэщ ДАХ-р лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыІуэныгъэр гъабыдэным, дин зэмылІужьыгъуэхэр зезыхьэхэр зэгурыІуэу зэдэпсэуным зэрытелажьэм, Кавказ Ищхъэрэм иц цІыхубэр абыхэм я зэхуэдэ мурад нэхъыщхьэм - Урысейм ифІ зыхэлъ Іуэхуэхэм хуэлэжьэным - щ1ыз1ъуэгъуэвэным сыт щыгъуи зэрителъхьэм.

Уэ гъащІэм къыхэпхэ Іущыгъэхэм, зэбгъэгъуэта щІэныгъэ куум, сыт хуэдэ цІыхуми епсэлъэкІэ щхьэхуэ къыззэрыхуэбгъуэтыефІым, къалэн нэхъ гугъу дыдэхэр зэрызэфІэпхыфым, УФ-м и Президентым дежЛъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ щыІэ Совет-тымрэ КИФЩІ-м и Жылагъуэ палатэмрэ ди хэкуэгъуэхэм я сабэп зыхэлъ Іуэхущхуэхэр зэрыщыдзбгъэкІым папщІэ уи хэкуэгъуэхэм пщІэшхуэ къыпхуащІ.

Лъэныкъуэ куэдкІэ ебгъэкІуэкІ къэрал, жылагъуэ лэжьыгъэфІхэм пщІэшхуэ къыхуащІащ цІыхубэми къэралми икІи СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я орден, медаль куэд къыпхуагъэфащащ.

А псори щыхьэт тохъуэ Уэ къэрал къулыкъущІэ, жылагъуэ лэжьакІуэфІу, политик Іущу узэрыщытым. Уэ къэпкІуа ГъащІэ гъуэгуанэр дыщалъхуа республикэр ефІэкІуэным, абы зиужьыным хьэлэлу хуэлэжьэным и щапхъэ мэхъ.

Уи махуэ лъапІэмкІэ дыноХъуэхъу, мамырыгъэмрэ гуапагъэмрэ къыбдекІуэкІыу, узушыгъу, унагъуэкІи уи Іуэху зэпэщу упсэуну ди гуапэщ.

Уи унафэщІ Іэкіуэльакіуагъэр, Іэщіагъэм узэрыхуэІэзэр, лэжьыгъэ и пІалъэ фІыуэ зэрыпщІэр, ГъащІэм узыхуиущияхэр цІыхубэмрэ Хэкумрэ ефІэкІуэным дяпэкІи яхуэбгъэлэжьэну ди гуапэщ!

ПщІэ къыпхуэзэщІхэу
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэмрэ Гъэзэщ1акІуэ гупымрэ хэтхэр

Налшык къалэ,
2021 гъэм накъыгъэм и 27-м

Лъэпкъыл нэс, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ

Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэрит и къуэр Аруан щIынальэм хыхь Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм 1951 гъэм накъыгъэм и 27-м къыщалъхуащ. 1974 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, 1979 гъэм аспирантурэр кIуихащ. Экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, ЩIДАА-м и академикщ.

Сэхъурокъуэр пэрытащ Іэнатіэ зэхуэмыдзкэм. 1986 - 1991 гъэхэм «Нашыкъ», «Къэбэрдей-Балъкъэр» джэд фабрикэхэм я унафэщIу щытащ. Абы иужькIэ ИкIыситIкIэ цIыхубз депутатхэм я Аруан Советым и тхьэмадащ, 1992 - 1993 гъэхэм лэжьащ КъБР-м и Правительствэм и унафэщIм и къуэдзэу - мэкъумэщ Іэнатіэмкіэ министру, 1993 - 1996, 1997 - 2002 гъэхэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэщ щIэныгъэхэмкIэ министрщ. 2005 - 2011 гъэхэм ар и унафэщIы ветеринар, фитосанитар кIэлъыплъныгъэмкIэ Федеральнэ Іэхъущіапіэм КъБР-м щиІэ и Управленэм. 2010 - 2011 гъэхэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэщ. 2011 гъэм хъыщыщIэдзауэ и унафэщIщ «Ветеринар, фитосанитар кIэлъыплъныгъэмкIэ Федеральнэ Іэхъущіапіэм и Къэбэрдей-Балъкъэр референт центр» федеральнэ къэрал бюджет Іэхъущіапіэм.

ДАХ-м и IX Конгрессым (2012 гъэм жэпэзгъэуэм и 20-м) тхьэмадэу щыхахащ, етIуанэ пIалъэми (2015 гъэм), ещанэми (2018 гъэм) пщIэ зыпыль а къулыкъур ИкIыхуагъэфащэжащ. Хьэутий къэралым къритащ «Зэныбжьэгъугъэ», «ЩIыхь», «КъБР-м и пащхьэм щиІэ фIыщIэхэм папщIэ» орденхэр, медаль куэд.

«КъБР-м цIыхухэм хуэIухуэщIэ яхуэзэфIэзэых Іэнатіэм щIыхь зиІэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр зэрехьэ, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр, «Лэжьакіуэ псэмыблэжьхэр. Урысей» щIыхь дамыгъэр кратащ абы.

Сэхъурокъуэ Хьэутий и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъур къздгъэсэбэпри, и гъащIэм, и гуащIэм, и Іуэху еплъыкIэ - Іуэху зехьэкIэм ехьэлIа упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащи, къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий:

Къепхьэжьа Іуэхур цIыхум хьэкъ щыпщIыфмэ, сытри лъэкIынущ

- Уи псэлъэкIэр зэхэзыха дэтхэнэ зым и дежкIи наIуэщ адыгэбзэ къабзэ зэрыпIурылъыр, Хьэутий. Адыгэу зэрыпкIуэцIыльми адыгэпсэ зэрыпIутми шэч хэлъкъым. Сыт абыхэм я къежьапIэр?

- Сыт хуэдэ цIыхуми и къежьапIэр, щапхъэ хъур и адэ-анэращ, унагъуэращ. Иджыпсту бзэр тхъумэну цIыхухэр къыщыхуедджэм и деж, япэ дыдэ адэ-анэм захуэдгъазэу аращ. Сэр дыдэм апхуэдэ гуныкъуэгъуэ сиІэщ си къуэрылъхуэхэм ехьэлIауэ, унагъуэм щIэсхэр адыгэбзэкIэ фIэкIа емыпсэлъэну сылъэIуэу, уеблэмэ егъэджакIуэ къыдэгъэлажьэ.

ГъэщIэгъуэнщ ар, ауэ фIы дыдэм къыхэкIауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, мыхъумыщIэ хъу щыIэщ, апхуэдэуи къэзыльхуахэм я дуней тетыкIэкIэ губгъэн къахьу, арщхьакIэ я быным ездагъэшхуэ къыщыхэкI къохъу. Ауэ ахэр мащIэ дыдэщ. КъыхэралъытэмкIэ, процент 90 - 95-м фIым къыхэкIар фIы, Іейм къыхэкIар Іей мэхъу. Адыгэр псом хуэмыдау абы хэсэкъыщ щытащ.

Сэ си насыпу адэшхуэ-анэшхуэ сабгъэдэсащ, сыщысабийм абы жалэ мудэ зэхэсхащ. Адэ шыпхъуитху, зым нэхъ-рэ адрейр нэхъыфIыкIэ, сиІащ, си адэр я дэлъху закъуэу. Абыхэм ящыщу къыхсухэнар тIу къудейщ, Алыхьым схуигъэпсэу. АтIэ, сэ дунейм сыкъыщытехьам, унагъуэм гуфIэгъуэу яІар къызыщыгъэхъут, Залинэ: си адэ-шхуэм и къуэ закъуэм срикъуэ закъуэу!

Абыхэм жаІэр апхуэдизу гъашIэм къыщыкхуэсэбэпыну сщIэрэ, ар си сабий акъылым кIыйбыду аратэкъым, атIэ жаІэм семыдэIуэнкIэ Іэмал имыIэу срагъэувалIэрт. ГъэсэныгъэкIэ, щапхъэкIэ, псалъэ дахэкIэ, Іуэхум сызэрыдрагъэхьакIэ, нэгъуэщIкэмкIи. Псалъэм папщIэ, япэ дыдэ топ сыщыщIэлъэIуам, си адэшхуэм: «НахIуэ-тIэ, уда тIэкIу къыздэсынщи, ар жэмым едгъэшхынщ, абы шэ къыщIэкIымкIэ уэ топ кIыпхуэтщхунщ», - жиIэри, алыхь-алыхь, псынщIэIуэу сышэ жысIэри, удэ къэхьакIэ сымыщIэми, сытегушхуауэ щытащ. Хьэмэрэ, япэ дыдэ щхьэл сыщыздишар-щэ, хьэжыгъэ, хуэнщIей изубэну?! Ахэр псори лэжьыгъэм сызэрыхуиГасэ Іэмал щыкIуфэкIуу арат, пщIэнтIэпсым, къэблэжьам уасэ зэриІэр зыхэпщIэныкIэ сэбэпныкуэ хъуну.

Ди адэшхуэм щIыхь куэд къыкIэтыкIуэрт, абыхэм чэнджэщ яритырт, щIыхуитI тIэкIу зэщыпIеямэ, зэриГъэкIужырт. Ди лъэпкъым щыщ куэд зауэм хэкIуэдауэ, сабийжэр адэншэу къэнати, абыхэм ящыщу нэхъ гъунэгъуу диІэхэм я щIалэхэр ди деж арэмэм щыдэкIащ, дзэм хъищикIыжами, я унэ екIуэлIэжьи и пэ къызыщIыхьар ди пщIантIэращ. Хъыджэбзхэр дэкIуэнумэ, абы ехьэлIа унафэри ди унагъэм къыщащтэу щытащ. ЖыпIэнуурамэ, Сэхъурокъуэ Хьэмид жезыгъэIа лIы ахъырзэмант си адэшхуэр, икъукIэ сыхуэзарэзыщ. Абы жиІэхэм ящыщ куэд сэ гъащIэм къыщыхсучъэсэбэпыжащ. Абы къызипсэлъэплIаэхэм ящыщ зы пхузэIуэтэжьинт. «Уэлхуэйм хуэдизу ахъшэ уимыIэныр тхъэмащIкIагъэщ. Ауэ абы укъелынущ, мащIэу уиІэмэ, мащIэу пшхыещ, нобэ уимыIэмэ, пщIэдей бгъуэтынщ. Ауэ уи щхьэм илъ акъылым нэхърэ уи жыпым илъ ахъшэр нэхъыбэ хъууэ щытмэ, ар насыпыншагъэщ, абы емыкIу къуигъэхьанкIэ, уигъэукIытэнкIэ, уигъэуанэхьанкIэ, уеблэмэ уиукIыжьпэнкIэ хъунущ». Абы щыгъуэ «си акъылым хуэдизу ахъшэ тIэкIу сиІами», жысIэу сегупсысырт, иужькIэщ а псалъэхэм мыхьэнэуэ ящIэлъыр къыщыгъуэгурыIуар. Уи щхьэр уи мылъкым нэхърэ нэхъ лъагэу щытын хуейщ, уи мылъкур зэгиргъэкIуэфу, уэзрыщымыт уимыщIу, абы щхьэкIэ улэжьэни цIыхум пщIэ хэпщIыни кIыумыгъанэу, нэмыс пхэлъу. Сэ сызыщIапIыкIари сызыхуагъэсари аращ.

ИгъащIэм си адэшхуэр зыпэрыс Іэнэ дэнэ къэна, зыщIэс пэш щетIысэхакъым си адэр. Лэжьыгъэ Іуэхукіэ я нэгъуэщI зыгъэркIэ къэгъуамэ, щIыхьэу псори жримыIажауэ и лэгъунэ и бжэ Іуихакъым. Ар хабзэщ, иджыпсту интернет жыпIэми нэгъуэщI-кьинэмыщIми ди сабийжэр тфIэзыгъэкIуэдхэм дыкъезыгъэлыфыну щыІэр ди адыгэ хабзэращ. Абы къыкIэлъокIуэ гъэсэныгъэр, адэкIэ щIэныгъэ тхуетрэ - игъащIэкIэ ди щIэблэм зыри къыпэлъащIыкъым. Гъэсэныгъэр псом я щхьэщ, ар зиІэм сыт хуэдэ щIэныгъэри зригъэгъэтыфынущ, сыт хуэдэ Іуэхуми хэзэгъэнущ. Псалъэм и хъэтыркIэ, сэ Іуэхущіапіэ куэдым сыщыпсэжьащ, мэкъумэш, егъэджэныгъэ, иджыпсту сызыІут федеральнэ Іэнатіэр жыпIэми. Псом я щхьэр цIыху хэткIэращ. Узыхьыхьэхэр зищIысыр, абыхэм я зэхэтыкIэр, уэ ахэр къыззэрыпщыгъыр, яхуэпщIэфынур, къыббгъэдэкIам ар къызэрыбдаIыгъынур, ахэр зэрытебгъэгушхуэфынур, нэгъуэщI Іэджи пхузэхэгъэкIыпхъэщ. Дэтхэнэ зыми гукъыдэж иІэн хуейщ Іуэхур къыбдиІыгъыну, абы щхьэкIэ и фейдэи хилъэгъуэн хуейщ. ИтIанэщ гупыж пщIар къыщыбдаIыгъынур. Сэ Іэнатіэу сызыІутам цIыхуфI защIэщ сызыщирхьэлIар. ИгъащIэкIэ къыпхуэмыІэтыжыну жаІэу сыздагъэкIуа Налшык джэд фабрикэм ильэсрэ ныкъыэрэ фIэкIа дэмыкIыу планри и гъэзащIэрэ, улахуэри и чэзум етту зэтедгъэувжажэ щытащ. ЛэжьакIуэм закъуэтIакъуэ самПIэимыхьэу, ныкъуэкъуэхыу къажэкIыр, адрейхэм зыри ялажьэкъым. Зыхуэй хуэгъэзэн, тегъэгушхуэн, пщIэ яхуэщIын хуейуэ аращ. Къепхьэжьа Іуэхур цIыхум хьэкъ щыпщIыфмэ, сытри лъэкIынущ.

ГъащIэм пIалъэ-пIалъэкIэрэ цIыхум и пащхьэм къырегъувэ Іуэху зэмылIэужьыгъуэхэр, Іэнатіэ псоми ехьэлIауэ. Тхыдэмэ кьегъэлъагъуэ ар. БлэкIар фIыуэ пщIэмэщ щхьэкIэнym тэмэму ущегупсысыфынур, а къэкIуэнум ухуэлэжьэн папщIэ блэкIамрэ нобэрей гъащIэмрэ зэрызэппхынур кхьызэфIэщыфынур хуейщ. БлэкIам нэхъыфI кьыхэпхмэ, кьэкIуэнум кIуныкъу хуебгъэщIэфмэ, итIанэ уи кьалэныр бгъэзэщIауэ аращ. КэщIу жыпIэмэ, япэщIыкIэ Іуэхур зэкьыбогъэкI, итIанэ ди зэрылIэжьэн ІэмэпсымэхэмкIэ кьызыбогъэпэщIри боунэтI, адэкIэ уолажьэ.

- Унагъуэм щыбгъуэта гъэсэныгъэр, уи адэ-анэм узыщIапIыкIа хабзэр уи щIалэхэм нэсу яхэплъэфа? Иджырей дуней гуГъуэм, гъащIэ зэхэзэрыхьам ижь къащIумыгъэхущIу жьыхуэсIэщ.

- Гъэсэныгъэу иратамкIэ адэ-анэр арэзы хъууэ щытмэ, быныр къэсыжьащ. Абыхэм ущытхъу хъунукъым, ящIэбубыни щыщащ. ЖыпIэну мыпхуэдэу щытащэрэт жыпIэу, зыхебгъэлъхьэну хьэлрэебгъэщIну Іуэхуэ щыІэн хуейщ. Сэ сылажьэурэ щIалэхэм я гъэсэныгъэм нэхъыбэу пэрытар унэм щIэсращ. ИтIанэ пасэу унагъуэ хуэахэщ, нэхъыжьым ильэс тIощI мыхъуу къыщащ. Абы сыт и Іуэхум хэслъхьэжьыфынур?! Моуэ гъащIэм хуэгъэзэнщ щыІэкIэ зыщIэнымэ езым унагъуэ игъэтащи, ар иджы си унакъуэщуращ, къыззэупщIмэ жеІэнIаэу фIэкIа, и Іуэху сыхэIэбэнукъым. Нэхъыжьым хъыджэбзищ иІэщ, унверситет къэзыуха яхэту, дз къыдбгъэдзэ нэхъыщIэм щIалищ иІэщ. ЕтIуанэм нэхъыбэ и пщэ къыдохуэ. ЖыпIэнурамэ, мэлажьэ, мэшцэж, нобэми зэрыхъкIэ доущий, кьытхуэй хъумэ, дыкъагъуэт.

- Дунейпсо Адыгэ Хасэм и нэIэм щIэту сыт хуэдэ Іуэху зэфIэха, убла хъуа иужьрей ильэсхэм?

- ДАХ-м и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу къэслъытэр дунейм адыгэу тетыр зэпыщIэныращ. Мис абы и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ тхуэзфIэкIащ. Адыгэ щыпсэу къэрал 53-м щыщу 27-м дадолажьэ, ДАХ-м нобэкIэ щыналъэ (къэрал) Хасэ къудамэу 16 къыззыщIеубыдэ. Апхуэдэу жыпIэ щхьэкIэ ин дыдэщ ахэр, псалъэм и хьэтыркIэ, Европэм и къэрал 18-м щыІэщ Хасэхэри, ахэр зы федерацэущ къызэрытхэтыр. Адыгэхэр мелуан бжыгъэкIэ щыпсэу Тыркури аращ.

Сыт адыгэр дызыхуейр мы зэманым, сыт лъэпкъым Дунейпсо Адыгэ Хасэм хуищIэн хуейр, ар къызэзыгъэпэщахэм я гуращэу сыт щытар, ялэжьын я гугъэу яхуэзэфIэмыкIауэ сыт щыІэ? Ди Іуэхущіапіэм и кьалэнэр кIэ зимыІэщ, пщIэ пэтми и лъащIэм унэмылъпыисфыну.

Псалъэм папщIэ, ди Уставым итщ бзэр, хабзэр тхъумэн, ди нэмысыр, адыгагъэр тIыгъыжьын зэрыхуейр, дуней псом щикъуэжа ди лъэпкъыр зэпыщIажьыным зэпымыууэ дызэрытелэжьапхъэр. ДэнэкIэ щыпсэу адыгэми и Іуэхум дыщыгъуэзэным, хьэлэ-бэлыкъ гуэр хэхуа щыІэмэ дадэIэпыкъуным, дызэрыщIэным, дызэрызэкъуэтыным дытолажьэ, хамэ хэралхэм щыпсэу ди хэхэсхэм зэпымыууэ дальэIэс.

Псоми доцIэж Сирием къыщыхъеяв зауэм ди лъэпкъэгъуэхр бэлыхь зэрыхидзар. Абы уимыгъэгушхэнкIэ, уимыгъэгумэщIынкIэ Іэмал иІэтэкъым. ТхуэзфэкъынымкIэ дызэчэнджэщри, лIыкIуэхэр дгъэкIуащ, къэкIуэжьну хуейкъым дадэIэпыкъуащ. ЦIыху минищ къэтшэжащ, унагъуи 124-м унэ къажэтщэхуащ. Ар къэрал мылъкум щымыщ, зыхуэзфIэкIкэм, гудзакъэ зиІэхэм зэхалъхьа, къэдгуГуея ахъшэщ, мелуан бжыгъэ хъууэ. Абыхэм дакIэльэпплъ, я сабийжэр школхэм яГэкIуэнымкIэ, я узынщагъэм сымаджэщхэм щыкIэльагъэплъынымкIэ, нэгъуэщIкIи дадоIэпыкъу. Хасащхьэ иІэщи, езыхэр зэхуосри, зоспсалъэ, Іуэху иІэмэ, къыдахьэлIэ. Маху хэха диІэхэр щыдгъэльапIэкIэ къыткхохьэ. Абыхэм ящыщ зы вице-президент тщIауэ къытхэтщ. Иджыри Сирием дыпыщIащ, къэкIуэжьну хуей щыІэмэ, защIэдгъэкъуэну дыхьэзырщ.

Урысейм цIыху Іэпхъэшапхъуэхэм ехьэлIа и политикэм махуэ къэс жыхуаІэм хуэдэу зекъуэж. Я Іэмэ кьедгъэщтауэ щытащ. Гражданствэу тIу яІэ хъуну хуит зыщI унафэ. Иджы ар Іуэху кьиин хъуащи, паспорт зыІэрагъэхьэнымкIэ дадоIэпыкъу. Иджы быдзу кIэлъыплIауэ хэкум зыри кьагъэкIуэжьркъым, япэ кьэсыр къэралым кьихьэ-икIыу кьыпхуэзыдэнур хэт, адыгэми зэрыжиІэу, псоми я гур бгъэныщкIуа?!

Лъэпкъыр пхэнжу щыбэкъуэнум и деж ар зэрыщыдмыгъэуэн Іуэху зыдохуэ. Псалъэ папщIэ, Сочэ Олимп джэгуэр щрамыгъэщIыну щыпэщIэуэвам, къэралхэм я лIыкIуэхэр кьатшэщ, едгъэлъагъуащ, ягурыдгъаIуэри, зэтедуIэфащ. Ар щыжьыСIэращ, дэ къэралым гурыдгъэIуэн хуейщ дызэрымыкьаугъэр, фIэкIыпIэ кьызэрытлъыхъуэр. Урысейм зэран хэхъуну хуейхэм дыкъызэрагъэсэбэпыр ди лъэпкъэгъуэхэм хуэмурэ, щдбэуэрэ ягурыдогъаIуэ, дунейм кьыщыкIуэжI Іуэхуэхэм дифI зыхэлъымрэ ди зэран кьызыхэкIынымрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм дыщытопсэлъыхьри, унафэ кьыщыщдощтэ, ар цIыхубэм яІыдоГъэIэсыж.

Сыт адыгэ лъэпкъыр Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэрыщыгугъыр? Хасэр зауэ-банэм хэтыну, къэралым еныкъуэкъуну, зэкъуэшIыным пэщIэувэну зи кьалэну кьззыпльэтэхри щыІэщ. Абы щыгъуэм ди Іуэхущіапіэм лъэпкъыр игъэунэхъуну аращ. Ипэ ита нэхъыжьыфIхэм акъыл хэлъу зохаIъхьа Уставым итым фIэкIа Хасэм нэгъуэщI ищIэну хуиткъым. Абы щыгъэнэIуахэр иджипсту тхуэгъэзащIэмэ, ар зи Іэрыкі лъэпкъыпIхэмрэ кьыштщигуГъ лъэпкъымрэ дгъэпжу аращ. Абы дытебгъунтьыкIрэ нэгъуэщI зыгуэркъэр зетхуэмэ, хабзэм дебакъуэмэ, лъэпкъыр ущыпсэну, ар Іэкі хуэтшащ. Эмаными дыдекIуу, ди Іуэхур зетхуэфу, ди бзэ, ди хабзэ тхъумэжу, ди лъэпкъгъуэхэм пыщIэныгъэ яхудиІэу дыпсэуныр ди къэкъащи, ар тхуэзфIэкIын Тхьэм ищI.

Бзэм теухуа Іуэхур-щэ?! Ар къэтIэтщ, куэдрэ дытепсэлъыхьащ, еплъыкIэ Іэджэкэр зэпэтлъытщ, Президентым и деж щыІэ советми дыкъыщыпсалъэри, нэхъыфIым хуэдэу едгъэщIащ. Конституцэм зэкъуэкIынигъэкэр хэлъхьэнымкIэ гупым сыкъатэхри, абы и 68-нэ, 69-нэ статьяхэм иратхэжащ лъэпкъ цIыкIуэхэм я бзэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ къэралым и кьалэну. Апхуэдэщ щэнхабзэм и Іуэхури. Абы кьыщыпэрэкъым: хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм бзэр едгъэхъумэн папщIэ кьыддэIэпыкъуни иратхащ къэралым и хабзэхэр кьыщыхьа тхьилъ нэхъыщхьэм. Иджыпсту онлайнкIэ адыгэбзэр ядоГъащIэ хэзэсхэм я щIэблэм, дунейр хьэлэбэлыкъ хэзыдза зэ бзаджэр Іуэкіуэтмэ, егъэджакIуэхэр дгъэкIуэнущ.

Ди Іуэхущіафэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр кьыдыдоГъэкI. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей Хасэмрэ дэрэ дызэкъуэту долажьэ. Адыгэу дунейм тетым ХьэфIыцIэ Мэхьэмэд яхуищIам хуэдизу хуэзфIэкIауэ зыри диІэкъым, ар зыщIыгъэгъупщэ хъунукъым. Дыщызэхъурджауи кьохьу, ауэ зэкъуэкъым хуэдизу дызэдолажьэ Мухьэмэдрэ сэрэ, нэхъыжьыгъуэр ейми, пщIэ кьысхуещI, Хасэм сызэритхьэмадэр япэ иригъэщу. Сигу кьоуэ ХьэфIыцIэм тхылърэ хъэпшыпу иІэ мин бжыгъэкэр зы щыпIэм щызэхуэхьэсауэ зэрыщымытыр. Сэ кьыхуэздэж, схуэзфIэкI мащIэри хэслъхьэнщ, сыадыгэщ жызыІэу дунейм тетыр дыкъызэдэтэджу ары и Іуэху зетхуэну, бгынэжа унэхэм ящыщ гуэр кьыхэтхэу, ди хабзэ-бзыпхъэхэр, адыгэм ди блэкIам-ра нобэмрэ кьыщыгъэльэгъуа музей тщIыну.

ПыкъыкIауэ жыпIэмэ, къэралми республикэми дадолажьэ, Іуэхуфl ЕвгъаIэтэхэр ядыдоІыгъ, лъэпкъым и Іуэху зэхуэдэ республикэм ахэр щызэгъэзэгъыныр ди закъуэ кьалэнкъым, абы къэралри кIэлъыплIын хуейщ. ЖьетIащ комиссэ кьызэгъэпэщащэ лъэпкъхэм кьалъыкIуэкI эдаузэхэм унафэ тращIыхьэ зэрынэхъыфIыр. Ди республикэр зыхьыхэ федеральнэ центр щыщIыкIэкIэ ауэдэ Іуэхуэхэращ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Кьэнжал зауэм ехьэлIауэщIэр. Дэ ар зэрыщыІар жыдоІэ, игъащIэм апхуэдэ къэмыхъуауэ зыукъуэдий, ар гъэлъэпIэнымщIагъыбзэ щIэлъу къэзылъытэ балъкъэрхэм зи лъыр пщтыр щIалэгъуалэр нэхъри кьызэщIагъапIэ. Тхьдэ щыІэщ, абы ирипIэу Іуэху зэIумыбзхэр зэхэзыгъэкIын цIыху гуп зыхэт комиссэ кьызэгъэпэщын хуейуэ аращ.

- Лэжьыгъэ ирехъу, адыгэ Іуэхуэри нэгъуэщI зыгуэруи щрети, къэхъулIауэ уригушхуэу е ухунэмысауэ уригумэщIу уиІэхэм утезгъэпсэлъы-хьынут.

- Сызытепсэлъыхьауэ къыдэхъулIа псоми срогушхуэ, нэхъыщхьэ дыдэр ди ужь кьиувэн щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зэрыдгъасэращ. Адрей республикэхэми щагъасэ ахэр, дакIэлъпIлъу, ди нэIэ ятету. Къэрэшей-Шэрджэсымрэ ди щIынальэмрэ зэгъуэгу школым зэрыщеджэну учебникэр кьыдыдогъэкI.

«Ветеринар, фитосанитар кIэлъыплъыныгъэмкIэ Федеральнэ Іуэхущіапіэм и Къэбэрдей-Балъкъэр референт центр» сызиунафэщIым щесхьэкI лэжьыгъэри фIыщ, зэпэщIщ, дызэхуэарэзыуэ Іуэху зэрызэдэтщIэнym яужь диту гупыр дызэбгъэдэтщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэжьр, псоми ди зэхуэдэр лъэпкъ Іуэхуращ. Лъэпкым ехьэлIауэ зы Іуэху цIыкIи щыІэкъым, ар сэ сытым и дежи жьзоІэ. Зи щхьэм пщIэхуэзымыщIыж, зи хабзэ, зи нэмыс зымыхъумэж лъэпкъыр дэхуэхьнущ, абы иужькIи зыкъыхуэIэтыжынкъым. Аращ абы и фIыр, и дахэр, и хъугъуэфIыгъуэхэр, ди адэжьхэм кьэтхуагъэна псори дыхуэсакъыу тхъумэн, тIэтын щыхуейр.

Пэжыр жыпIэмэ, нэхъыбэ дыдэу сызытегушэныхьыр мы зэман кьеклуэIращ. Плъагъум, убгъэдьхьэу узэпсалъэ хъум сыщышынэркъым сэ, зыхэзмышIыкI, сымыщIыху, сымылъагъуращ сызыгъащтэр. Апхуэдэщ иджыпсту кьекIуэкI ковид узыфэ зэрыщIалэр. Апхуэдэщ щIалэгъуалэр зэрауIэнI Іэмал хьилэшыхэр. Интернет фIэкIа нэкуи напIи ямыІэжу зэрыхъуам, акъыл кьызыхъыхфыну тхылъыр ІэщIыб зэращIам грогумэщI. Ярэби, тIэщIэмкIыкIу пIэрэ щIэблэр, жьсIэу согупсыс. «БаШыр ди нэм щIэдмыкIуж щIыкIэ ар щхьэ тIывмыхарэ», кьыджаIэжыну пIэрэ Іейм щыдмыхъумэф щIалэгъуалэм?

Адыгэр игъащIэм хъарзынэу дыдэсэуэ щытащ. «Шэрджэх хадэхэр» жрагъэIэу жыгым фIыуэ хащIыкIыу, щIы зэрахьэу, мэш къэкIыу, шы, Іэщыщхэу зэрахуэу. Иджыпсту уней хадэ зэщIэкIэжа щысльагъукIэ си жагъуащ мэхъу. Къуэждэсыр фIы дыдэу зыпэлъэщу щыта кьалэнхэр Іэпэдэгъэлэл ящIауэ, властыр яубу, тутын, фадэ ефэу тетIысхьэпIэм тесхэм сащыІуплъэкIэ, си лъыр мапщIэ.

ЕджапIэр кьэзыух кьыбжьыщIэхэм лэжьапIэ зэрамыгъэутыр щхьэжагъуэ сщохъу. Япэм хуэдэу еджапIэм Іэнатіэкіэ къыщыззэримыгъэпэщжкIэ, хэкIыпIэу щыІэр къэзгъэсэбэпын хуейщ: узыхуейм хуэдэу кьылъкъу упэрымыцуВэрэ, мызэкIэ кьыппэщIэхуэр уэим, Іумпэм пщIы къунукъым. Сэ сылэжьащ шофёруи, экскаваторым сытесуи. Си бынми яжьзоІэ, ящIэн ямыгъуэтмэ, я Іэщхьэлащхьэр дахьеяуэ лэжьэн зэрыхуейр. Шы щIакъуэ тесыр шы псэ хуеиз, жи. Уи Іуэхур зэтеувэхункIэ нэхъ мыхъуми, уи хадэр зыхуэI хуэзэу зехьэ. Лэжьыгъэ сиІэкъым жыпIэу дауэ къужмэм зэгурыдзэнур, узыгъэшхэну хадэр цIыраужь пщIыуэ?!

- Мыщхэумэ, мурадхэмрэ хъуэпсэпIэхэмрэ я гугъу къытхуэщIыт, Хьэутий.

- Дылэжьэну, дыпсэуну, кьетхьэжьэ Іуэхуэхэр зыщIыпIэ нэдгъэсыну Іэмал диІэну. Егъэлея зыри хэткъым. Апхуэдэуи си нэ кьокI си кьуэрылъхуэ цIыкIуэхэм сакIэлъыплIыну, я гуфIэгъуэ слъагъуну. ЩIакъуэ баш цIыкIур сыгъми соДэ, я хьэгъуэIыгъуэм сыкъыщыфэну кьару си Іэу а зэманым срихьэIэ кьудеймэ.

- Зи гуГъу пщIа гуфIэгъуэхэми нэгъуэщI Іэджэми ухэплъэну ди гуапэщ, Хьэутий. Зэман кьытхуэбгъэзыту укъыззэрыдэпсэлъам щхьэкIэ фIыщIэ пхузощI.

Епсэлъар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Сэхъурокъуэ Хьэутий и ныбжьыр нобэ илъэс 70 ирокъу

ФІым я нэхъыфІыр Тхьэм къыхуищІэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэр зэраухуэрэ илъэс тІощІрэ пщІыпэ мэхъури, ипэкІэ тхьэмадэу тетахэм яхэткъым Хьэутий ищІам хуэдиз зыхуэзфІэкІа, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ мы Іэхум уэхьэзыру лэжьэн щІидзат абы. Ди республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэу илъэс куэдкІэ лэжьащ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, мэкъумэш І энатІэмкІэ министру щытащ, жылагъуэ, щэнхабзэ лэжьакІуэхэм и нэІэ къуттет зэпытти, ди Іуэху зыІутыр, ди къалэнхэр, зыми гурыгъэІуэжьын хуэмейуэ, фІы дыдэу ищІэрт.

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий зэфІэкІ зиІэ цІыхуу зэрыщытыр и фІыгъэшхуэ къокІ ДАХ-м. Жылагъуэ І энатІэр мыпхъу убгъэдэмыпІуэ, ныбжьэгъу куэд уимыІэу, цІыху хьихьэкІэ-хэтыкІэ умыщІэу пхузэкъэнукъым. А жыхуэсІа псори, дипломат нэсу зэрыщытри щыгъужу, хэпІщ Сэхъурокъуэм. Ар хэтщ УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ щыІэ советым.

Лэжьыгъэр гугъущ, ахъшэ зыми къуитырыкъым, къэралми кьыпхуиутЫпщыркъым. Уи щхьэр зэрыбгъэлажьэм елъытауэ аращ уи Іэухэр зэрызекІуэнри, абы ехьэлІауэ Хьэутий зэфІэкІышхуэ иІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, илъэсибгъу хъууэ мэлажьэ ар ДАХ-м и тхьэмадэуи, а зэманым къриубыдэу, сэ зэрысщІэмкІэ, зыплЫтхурэ Хасэм кьихьащ КЪБР-м Граждан жылагъуэ Іэухущ1апІэхэм ядэлажьэнымрэ лъэпкъ ІэухухэмкІэ и министерствэм и грантыр. Ахъшэшхуэ хъуркъым ар, ауэ а мащІэри сэбэпщ. Апхуэдэуи ДАХ-м зыбжанэрэ кьихьащ УФ-м и Президентым и грантыр. Абы кьыхэкІ мылъкукІэ сэри нэгъуэщІхэми ДАХ-м кьыхудэдгъэкІащ тхьлъ зытхух. Іэухущ1апІэм и лэжьыгъэр цІыхухэм ящІэн, тхьдэм кьыхэнэн папщІэ дунейм кьытехьэ тхьлъхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ.

Иджыпсту зыхудогъэхьэзыр Дунейпсо Адыгэ Хасэм и кьыкІэлъыкІуэ Конгрессии, ар щызэхэтыну фокІадэ мазэм ирихьэлІэу тхьилъышхуэ кьыдэдгъэкІынущ ДАХ-м кьепха Хасэ 16-м яхуэзфІэкІа, я Іэухущ1афэ псори иту. Апхуэдэу фильмхэр кьыдэкІащ, телевизионнэ нэтын куэд трахащ.

Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэмрэ дэрэ ди зэпыщІэныгъэхэр нэхъ быдэ хъуащ Сэхъурокъуэм и фІыгъэкІэ. Дэ щІыналъэ куэдым зэгъусэу дыщыІащи, мызэмыгтІэу си нэгу щІэкІащ дэтхэнэми епсэлъэкІэ щхьэхуэ кьыззэрыхуигъэтыфыр, зэрыдипломат Іэзэр, абыкІэ хэхэс адыгэхэр кьыззэрыдихьэхыр. Гукъанэ гуэр кьызызэмыкІ щыІэкъым, ауэ ахэри щІэх дыдэ тэмэм мэхъуж.

И цІыхугъэм и гугъу мащІэуи сщІыну сыхуейщ. СыткІэ зыхуумыгъэзами, ар асхьэзту зэрызэфІихьнум иужь итщ Хьэутий. И лэжьапІэм ykІуауэ дакъикъэ бжыгъэ уПэплъмэ, большэгу абы и деж цІыхуу къекІуалІэр, нэхъыбэри я щхьэ Іэухукіэ кьелъэІуну аращ. Сэхъурокъуэр хущІокъу, фІыуэ кьохъулІэ ахэр имыгъэщІэхъун.

И махуэм ирихьэлІэу сохъуэхъу ехьулІэныгъэ иІэну, лъэпкъ Іуэху дигъэкІыу илъэс куэдкІэ тхуэлэжьэну. Тхьэм хущІигъэхьэ!

ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

И лэжьыгъэр къызэралъытэм и щыхьэтщ

Сэхъурокъуэ Хьэутий къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ І энатІэкІуэщІ. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хуэдэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ кьалэным упэльэщыныкІэ. ДАХ-м и президентыр ядолажьэ къэралым и щІыналъэхэм, федеральнэ Іэухущ1апІэхэу МИД-м, «Россотрудничество»-м, ди хэкуэгъуэхэр щыпсэу къэралхэм щыІэ урысей посольствэхэмрэ консульствэхэмрэ.

А ЛЭЖЬЫГЪЭМ лъабжьэ хуэпщІыфынури акъыльымрэ І энатІэкІуэгъэмрэщ. Ди хэкуэгъу хэхэсхэм я псэуКІэр зыхуэдэнур хэщІапІэ яхуэхъуа къэралым елъытащ, абыхэм я гупсысэкІэ-Іэухущ1экІэри нэгъуэщІ дунейщ щыпсыхьар. ИтІани, а псори зэгурегъэІуэф.

Нэхъыщхьэр Сэхъурокъуэр ДАХ-м зэриунафэщІрэ мы дунейпсо зэгухьэныгъэм и мурадхэмрэ и Уставымрэ зэрагъэзащІэщ. КІуэ пэтми зэроубыдыжь адэжь хэкуэ исхэмрэ хэхэсхэмрэ. ДАХ-м и кьалэн нэхъыщхьэр адыгэхэм я щэнхабзэр, бзэр яхуэмэжыщІ щІэблэр адыгэ хабзэм щІэпІыкІыныmurщ. ДАХ-м хуэзфІэкІыр ещІэ ди къэралым щыгъэува хабзэм тету хэкум къэзыгъэзэжыну хуейхэм ядэІэпыкъуным теухуауэ. Пэжыр жыІапхъэщ: ДАХ-мрэ абы кьыкъуэува цІыхухэмрэ я фІыщІэщ Сириием щекІуэкІ зауэм зи щхьэр кьыхэзыхахэм егъэзэпІэ зэрагъэтэри ахъшэкІэ зэрадэІэпыкъуари. Сэхъурокъуэм и фІыгъэщ адыгэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэу Мэздэгу, Ставрополь щыІэхэр ДАХ-м и лэжьыгъэм кьыхэша зэрыхъуар.

НэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр ДАХ-м зэрызэриушэлІэфым мыхьэнэшхуэ иІэщ. А лэжьыгъэр кьызэралъытэм и щыхьэтщ ДАХ-м и президентым ЩІыхьэ дипломатием зегъэужьныкІэ Горчаков А. М. и цІэр зэзыхъэ фондымрэ Евразием и лъэпкъхэм я Ассамблеемрэ Іэужу зэрадищІэфыр. Абы къриІуащ «Іуащхьэмахуэ-XX щекІуэкІэ зэпсэльэныгъэр: лъэпкъхэм я зэгурыІуэ, ныбжьэгъугъэ, зэдэлажьэкІэ» зыфІащар. А жэрдэмыр кьадиІыгъащ Президент грантхэмкІэ фондым, «Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ и хэкуэгъуэмрэ: цІыхухэ дипломатием гъунапкъэ ищІэркъым» проектри, нэгъуэщІхэри.

Шэч кьытесхьэркъым ДАХ-р илъэс 30 щрикъум ирихьэлІэу адыгэ лъэпкъым хуэщхьэпэн нэгъуэщІ Іэужуэхэри зэрызэфІахыным. Сэ, си лэжьэгу бзэщІэныгъэлІхэр си гъусэу, кьыхьизолъхьэ «Урыс-къэбэрдейшэрджэс псалъалъэм» теухуа Іэужу гъэщІэгъуэным зэгъусэу делажьыну. АнэдэлъхубзэмкІэ псэльэфу, тхэфу зезыгъэсэну хуейхэм ар хуабжьу кьащхьэпэнущ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий сохъуэхъу узынщагъэ иІэну, кьызыхэІа адыгэ лъэпкъым купщІафІэу иджыри куэдрэ хуэлэжьэну.

ДЗЭМЫХЬ Къасболэт,
Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и унафэщІ, тхьдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

ПщІэшхуэ хузощІ

Сэхъурокъуэ Хьэутий сэ куэд щІауэ соцІыху, си ныбжьэгъуфІщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президенту щыта КІуэкІуэ Валерэ и гупым щыхэта лъэхъэнэм си деж абы пщІэ лей къыщилэжьащ.

СЫТ щхьэкІэ жыпІэмэ, я пашэм и гукъэкІ псоми набдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъу, и Іуэхур даІыхуэхъурокъуэ Хьэутий. Ар пщІэшхуэ зэрыхуэсщІым, езыми си гуащІэр кьыззэрильытэм и щыхьэту сэ кьысщохъу.

ФІыгъуэу щыІэр къеуэлІэну, кьыхужаІэ фІы псори кьыльысыну, иджыри мыз-мытІэу дыззэрихьэлІэу адыгэ Іуэху зэдэтщІэну си гуапэщ.

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ,
Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цІыхубз тхакІуэ.

Ди гуапэ мэхъу

Сэхъурокъуэ Хьэутий Хасэм хуэгъэза и лэжьыгъэм псом нэхърэ нэхъыщхьэу хэслъагъуэр хэкум ис адыгэхэмрэ хэхэсхэмрэ нэхъри зэпэгъунэгъу хъун папщІэ ищІэращ.

АР НЭРЫЛЪАГЪУЩ, щхьэ дыщыгъуазэщ. Абыкіэ фІыщІэ худощІ Хасэ тхьэмадэм. Апхуэдэуи дэ дигу ирохь къэралыгъуэм зэрыбгъэдэтыр, къэралымрэ Хасэмрэ зэгурыІуэу зы гъэзгу зэрытетри Сэхъурокъуэ Хьэутий и фІыгъэу къыдольытэ. Ди адыгэ лъэпкъым и къэкІуэнум теухуауэ гупсысэр утыку къызэрырилъхьэр, лэжьыгъэр нобэрей псэуКІэм и хабзэхэм зэрытригъэхуэным яужь зэритыр ди гуапэ мыхъункІэ Іэмал зимыІэщ. Адыгэхэр дуней псом щикъухьауэ, зэпэжыжьэу щыпсэуми, дэтхэнэ ди лъэпкъэгъуми лъэІэсыну яужь итщ. Ди адыгэ лъэпкъым зригъэжьеныным, ди хэкужьым зыкъригъэІэтыным зэрытелажьэр ди нэгу щІокІ. ЖыпІэкІэ бухьну щыткъым Хьэутий и гуапагъэр, Тхьэм иригъэфІакІуэ.

Дэ дыхуэзарэзыщ и щытыкІэмкІи, и гупсысэмкІи, Хасэ и Іэныкьэгъэкіэ ирогъэкІуэкІ лжжьыгъэмкІи. Уэзнышагъэ, гуфІэгъуэ иІэу и махуэ куэд игъэльапІэну, зыхуейхэр кьехъулІэну дыхуолъадІуэ!

ВЭРОКЪУЭ Зэтий,
Европэм щыІэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ.

Шыагъэ зыхэлъ, гулъытэ зиІэ

**Адыгэхэм зэрахьэ тхыбзитым хэлъ Іэухугъуэ зэІуамыбзэкэр зэблэгъэкІыным лъэпкъ тхыгъэр кьыззэрыунэхурэ щІэныгъэлІхэр иужь итщ жыпІэмэ, пщІы хъуну кьыщІэкІынкъым. Ар щыгъэтауэ, зэрыльэпкъыу зэдай тхьбзэ щыІэн хуейуэ трагъэчыныхьу жылагъуэм щызекІуэ псалъэмакъэрэ ужьыхыркъым, пІалъэ-пІалъэкІэрэ гуащІэу кьыщызэщІэрыуэ щыІэу. Мы Іуэхугъуэм щрипсалъэу, и хэкІыпІэхэр щагбзыхуу щІэныгъэ зэхуэс зыбжанэ зэхэтащ. Абыхэм ящыщ зыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ и институтым 1999 гъэм щекІуэкІауэ щытар. БзэщІэныгъэІ нэхъыжьхэр зыхэта а зэІуэщІэшхуэм адыгэбзэм зэщхьу хэлъ, ауэ тхыбзэмрэ пэжырытхэмрэ зэщхьэщыкІынигъэ щызыгъуэта Іуэхугъуэ зыбжанэ кьэзэнэкІа зэрыхъунум и унафэр кьыщащтэгъат.

ЗЫМ ДЕЖКІИ щэхукъым щІэныгъэм утыку кьрихьэ къэхутэныгъэхэм я нэхъ инри кьызэригъэкІыу тхылъымпІэм кьызэринэнур, абы гъэзгу езытын, гъащІэм хэзыпщэн къару имыІэмэ. Апхуэдэ зэфІэкІ зыбгъэдэлъыр, зэрыгурыІуэгъуэщи, къэрал къулыкъущІэхэрщ. Ужьых имыІэу илъэс пщІы бжыгъэ хъуауэ екІуэкІ мы псалъэмакъым и мыхьэнэр кьызыгурыІуахэм ящыщщ а лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэу - щІэныгъэмрэ зэрыльэныгъэмкІэ министру щыта Сэхъурокъуэ Хьэутий. Адыгэ алфавитымрэ пэжырытхэмрэ хэлъхьапхъэ зэхъуэкІыныгъэхэм я проектым гъэзгу етыным, КЪБР-м и япэ Іэтащ1ыкъэ щыта КІуэкІуэ Валерэ деж нэгъэсыным и жэрдэмщІакІуэу щытахэм ар ящыщщ. Іуэхур зэрепхьажьэщ кьызэрохулІэр, жаІэ. Хэку тхьэмадэм и Іэр зыщІэлъ лъэпкъпсо унафэр 2002 гъэм щыщылэм и 24-м дунейм кьытехьауэ щытащ. Ауэ Іуэхур и кІэм нэсыр щхьэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, абы ещхь унафэ Адыгэ Республикэми кьищтэн хуейт. Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэм кьыхэкІами, абдеж унафэ пыухыкІа нобэр кьызыдэсыи кьыщащтэфакъым.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Тхьэмадэ щыхъуа махуэм щегъэжьауэ Сэхъурокъуэр иужь итщ хуэфащэ пщІэ зымыгъэІуэта а унафэм псэ хилъхьэну, и нэІэ тетщ анэдэлъхубзэр зэрырагъэдж щыкІэм. ДАХ-м зэІуцІэу иригъэкІыжкІэм яхэтхьым адыгэбзэм епха Іуэхугъуэхэм щримыпсалъэ, ар курыт еджапІэхэм зэрыщагъэджымрэ Іуэхущ1апІэхэм зэрыщыззэрахьэмрэ ехьэлІа унафэхэр кьыщамыхь. Апхуэдэу, ДАХ-м и Тхьэмадэм и фІыщІэ хэлъщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щыщ сабийхэм зэреджэн эы программэ зэрыхуэзхалъхьэм, егъэджэныгъэм епхауэ щыІэ иужьрей къэралэм пщалъэхэм тету щыналъытІми эдэй тхылъхэр зэрызэхагъэувэм, «къэбэрдей-шэрджэс» фІэщыгъэр зэрыпхыкІам.

Сыт хуэдэ унафэми жэрдэмми лэжьыгъэшхуэ пыщІащ. А псор зэпумышанэмэ, шыІагъэ хэлъу уабгъэдэмыкъэмэ, икІушхуэ щымыІэу щІэжьжьхэжьныр зыхуэІуа щыІэкъым. Бзэм и Іуэхум щхьэрыуТІыпщу ухыхьэ зэрымыхъунур хэкызыгурыІуэ Хьэутий и зэгъэзахуэр къызэрымыкІуэу инщ, и гулъытэр жанщ, и зэхэщІыкІыр куущ. Фы дыдэу къыгуроІуэ щІэныгъэми егъэджэныгъэми пІащІэрыгъуэ хэплъхьэ зэрымыхъунур, къэунэху зэІумыбзэкІ пащдзэгубзаплъэу зэфІэкІри зэрыхуейр.

Адыгэбзэм и Іуэхуэ Тхьэмадэм иригъэжьауэ: лэжьыгъэм, хилъхьэ политикэм удимыхьэхынкІэ Іэмал иІэкъым. Гуапэ зэрыхъунщи, пъэданэ инарэ зэфІэпхынкІэ Іэмал зыхуимыІэж куэд, Хьэутий и псалъэ зэрыхьихьэу, зэблэкІа мэхъу, и пІэ йоувэж. Шэч хэлъкъым, илъэс Іэджэ лъандэрэ ирихьэкІа къэрал І энатІэм къыхилъха гузыхэщІмрэ шыІэныгъэмрэ ар зэрафІыгъэр.

Накъыгъэм и 27-р Хьэутий и махуэщІщ. Ныбжь дахэ, адыгэхэм я жыІауэ, хьэщІэщ Іэнэ башыр цІыхум и пащхьэ щралъхьэ ныбжь ирокъу. Башыпэр зыхуэзэгъам уи гум илъыр кьищІэу, зыхуэбгъэфащэ ныбжьым хуэдэу уи гъащІэр кІуэуэ, уи гъуэрэ уи бжьарэ зэтемыкІыу, уузынщэу, угукъеуэнщэу, уб9ІутІэІунщэу упсэуну сынохуэхъу, уи хъуэпсапІэхэр уи щхьэрэ уи бынкІэ кьохъулІэу дунейм утетыну ди гуапэщ.

ТАБЫЩ Мурат.

ІуэхущІафэ дахэ зиІэ цІыхущ

КЪБР-м и Совет нэужь лъэхъэнэр кьапщтэмэ, пщІэрэ щхьэрэ зиІэ ди щыху пажэхэм ящыщ зыщ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Ди республикэм и къэкІуэнур зыхуэдэнур ныбжьыкІэ ящыщ щихьа зэман хьэлъэм ар щхьэмыгъазэу телажьащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэкъуэту кьыззэтегъэнэным, лъэпкъэм кьадекІуэкІ хабзэхэр, щыналъэм щыпсэуэхэм я шынагъэнщагъэр хъума хъуным.

АР И НЫБЖЬЭГЪУ пэжу, сыткІи щІэгъэкъуэн нэс хуэхъуу щытащ КЪБР-м и япэ Президент КІуэкІуэ Валерэ. Тхьэмадэм дэлажьэ гупым Хьэутий кьахэщыт и Іуэху зехьэкІэкІэ, унафэ зытещІыхьын хуейуэ кьэувэжэм ехьэлІауэ, ди щІыналъэр зыихэт щытыкІэр кьилъытэурэ, нэхъыфІ зэрыхъунур зэриубзыхуфымкІэ. Сэхъурокъуэм хуэдэхэм папщІэ «ар Іуэхущ1афэ дахэ зылэжьыфыну цІыхущ» жаІэ. Абы и ныбжьэгъу дэ мызэ-мытІэу ди нэгу щІэкІауэ дощІэ сыт и лъэныкъуэкІи ущыгугъ зэрыхъунури, зэи зэуримыгъэщІэщІэхэр.

«Тхьдэ, щэнхабзэ щІэинкэр дыхуэсакъыпІэу кьыщІэхъуэ щІэблэм ихуэтхъумэн хуейщ, - жеІэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Лъабжьэ зимыІэ уиз щыІэкъым, жыг лъабжьэншэ зэрыщымыІэм хуэдэ дыдэу. Апхуэдэщ лъэпкъри - тхыдэр зымыщІэжыр, абы пщІэ хуэзымыщІыр, щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэкэр зымыхъумэр лъэпкъыкІэм. Абыкіэ къаІэнышхуэ я пщэ кьощІохуэ гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ Іуэхущ1апІэхэм».

И ныбжьыр илъэс блыщІ щрикъу махуэм ирихьэлІэу кьиклуа гъуэгуанэм ирипльэжмэ, ди ныбжьэгъу икІи лжьэгъу Хьэутий и Іуэхущ1афэхэм арэзы дыдэ техъуэж хъуну кьыдолъытэ. КьышІалъэуа республикэм абы хуищІащ хуэзфІэкІ псори. Ар ныбжьэгъуКІэ кьулейщ, Урысейм и кьалэхэми, кьуажэхэми, адыгэ щыпсэу къэралхэми абы ныбжьэгъухэр, кьрихьэжьэ Іуэхуэхэр кьыдэзыІыгъэхэр щикуэдщ. Унагъуэ дахэ иІэщ, жьэгу пащхьэр зыхъумэ и щхьэгъусэ Кларэрэ Хьэутийрэ я кьуэзэмкІэ кьуэрыпІхуэхэмрэ я гуфІэгъуэ хоплъэ.

И ныбжьэгъуэмрэ лэжьэгъуэхэмрэ, жылагъуэм кьабгъэдэкІыу дехьуэхъуКІэрэ, дэ Хьэутий жетІэну дызыхуейр мыращ: куэдрэ псэу узынщагъэ уиІэу, пщІэ зыхуэтщІ Хьэутий Хьэзрит и куэ?

ЗУМАКУЛОВ Борис,
КЪБР-м ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу щыІэ

НЭХУЩ Заурбий,
Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэт.

Адыгэ дунейм укъыщыщІыху къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэу. ДАХ-м уэзрэтхьэмадэ илъэс бжыгъэхэм я богъэзащІэ дуней псом щикъухьа адыгэхэм яфІ зыихэ Іуэхухэр.

БЗЭР, щэнхабзэр хуэмэным, хэкур фІыуэ лъагъуным, ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэр зэгурыгъэІуэным, нэгъуэщІхэми ерысэлІауэ куэд зэрыпхуэзфІэкІыр кьытщІэхъуэ щІэблэми хэхэс адыгэхэми щапхъэ нэс яхуэхъуну кьызэлъытэ.

Гукъыдэжрэ ехьулІэныгъэрэ уиІэу, уи уафэр кьащхьэрэ узынщагъэр уи куэду упсэну ди гуапэщ.

ЛІЫМЫЩОКЪУЭ Рэмэзан,
Адыгэ Республикэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

ЩІэблэм я щапхъэ

Ди унэтІакІуэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм сызэрыхэтрэ илъэсих мэхъу. А зэманым кьриубыдэу Хасэм щызгъэзащІэ кьалэнхэм я нэхъыщхьэр - ар адыгбзэр хъумэнымкІэ комитетым щызэфІэзгъэкІ лжьыгъэращ. Абы и лъэныкъуэкІэ екІуэкІ сыт хуэдэ Іуэхури Сэхъурокъуэ Хьэутий хуабжьу кьыддиІыгъыу, чэнджэщ щхьэпэхэр кьыдиту, езыми кьыхилъхьэ Іуэхуэхэри зэфІэтэхьу апхуэдэу дызэдолажьэ.

ЖЫІЭПХЪЭЩ Сэхъурокъуэм и зэфІэкІкІэ ди лъэпкъыбзэр лъэ быдэкІэ увын гъэгуэм зэрытеувар. УФ-м и Президент Путин Владимир Налшык къыщыкІуам Сэхъурокъуэ Хьэутий абы и пащхьэ ирилъхьа Іуэху зэрыщытхьэхэр зытеуухуар лъэпкъыбзэхэм, лъэпкъ литературэм зегъэужьыным, анэдэлъхубзэр джыным хуащІ гулъытэр къэІэтынрат. А зэІущІэм ижькІэ а Іуэхуэхэм я Іэныкъуэкіэ ди лжьыгъэр кІуатэу хуежьащи, абыкІэ фІыщІэ хуэфащэщ Хасэ тхьэмадэм. А лжьыгъэм щыщщ, псалъэм папщІэ, дуней псом адыгэу щыпсэуми ягу дыхьэу гъэ хэсскІэ едгъэкІуэкІ Адыгэ диктантыр. Хэхэсхэм адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ едгъэщІэн и лъэныкъуэкІэ едгъэкІуэкІ лжьыгъэхэм ящыщ зыщ КЪБР-м Граждан жылагъуэ Іэухущ1апІэхэм ядэлажьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ ДАХ-мрэ зэгъусэу едгъэкІуэкІ онлайн-курсхэр, ахэр ди лъэпкъэгъуэхэм зэрафІэфым и щыхьэтщ абы кьызыхьэну гупыж зыщІэхэм я бжьгъэм кІуэ пэтми зэрыхэхъуэр. А псори щыхьэт тохъуэ Сэхъурокъуэ Хьэутий лъэпкъым и къэкІуэнум Іэмал щхьэпэхэр кьигъэсэбэпу зэрытелажьэм. Лъэпкъым и пщэдейр зэлъытам, кьытщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэу, ди блэкІами щыгъуаэзу, хабзэри бзэри ящІэу гъэсэн зэрыхуейм ди лжьыгъэри хуиунэтІу щытщ.

Си гуапэу сохъуэхъу ди Хасэ тхьэмадэм и гурыпхэр кьехъулІэну! Езым псори игъэлъапІэну ифІэфщ, нобэкІэ гукъыдэж кьезыт лъэпкъ Іуэхум хилъхьэ гуащІэр гъэбзэгуауэ узынщагъэрэ насыпкІэ игъэтэныжьну си гуапэщ!

ЩОДЖЭН Іэминат,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ.

Псори дрогушхуэ

2012 гъэм къыщыщІэдзауэ нобэр къыздэсым Хьэутийрэ сэрэ дыззэдолажьэ. Ди Іуэху еплъыкІэ щызэтемыхуаи къэхъуащ, ауэ дипломатиэм жыхуэтІэм зэрыхуэІэзэм, шыІэныгъэ зэрыхэлъым и фІыгъэкІэ хэкІыпІэ къэдгъэуэтащ. Зи Іуэху еплъыкІэ зэтемыхуэ щІыхуэхэр зы гъуэгум трешэф Хьэутий.

ХАМЭ къэралу ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэухэм куэду лъытэныгъэ, пщІэшхуэ къызэрыщыхуащІыр си нэгу щІэкІащ. Адыгэ Хасэ дэтхэнэми епсэлъэкІэ, бгъэдыхьэкІэ екІу кьыхуигъуэтыфу щытщ. Ар куэд и уасэщ. Хьэутий и деж сыт щыгъуи щІыхушхуэ къэкІуалІэ, чэнджэщэгъу Іущу зэрыщытым кьыжьэкІыу. Лъэпкъым, къэралыгъуэм ехьэлІа Іуэхухэм сыт щыгъуи хуэжьджэрщ. Дэнэкіи и псалъэр щыкІуэщІкІыу зэрыщытым дропагэ.

Хьэутий и акъылри и зэфІэкІри кьигъэсэбэпу ди адыгэ лъэпкъым зэрыхуэлажьэм дрогуфІэ. Узынщэу, и мурад кьехъулІэу гъащІэ кІыхь кьигъэщІэну дыхуохъуахъу! Дэнэкіэ щыІэ ди лъэпкъэгъуэхэми гуфІэгъуэ куэд Тхьэм зэдыдигъэльагъу!

АСЛЪЭН Алий,
Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

ПхузэфІэкІар мащІэкъым

Уи гъащІэ гъуэгуанэмрэ І энатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щепхьэкІа лжьыгъэмрэ я щапхъэщ пщэрылъ кьыпщащІ Іуэхухэм хьэлэлу узэрыбгъэдэтым, укъыщалъхуа хэкур фІыуэ пльагъуу абы къалэн зэрыхуэпщІэм.

ДАХ-м илъэс куэд хъуауэ уритыхэмадэщи, дуней псом щикъухьа адыгэхэр зэщІэгъэуІуэнымкІэ уэ пхузэфІэкІар пхужымыІэным хуэдизщ. Адыгэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэм и Іуэху зехьэкІэр зэрыубзыхуар егъэфІэкІуэным и закъуэкъым узыпэлъэщар, атІэ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зэпщэлІащ, адыгэхэм я щэнхабзэ, тхыдэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэнымкІэ плъэкІ къэбГанэркъым.

Ди гуапэу дынохьэхъуэу узынщагъэ уиІэу уи унагъуэм ухуэпсэуну, Урысейми укъызыжьэкІа уи лъапкъми яфІ зыихэ куэд дунейм пэкІи блэжьыну.

КІЭКІЫХЪУ Мэжид,
хы ФІыщІэ Іуфэм Іус шапсыгъэхэм я Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

НапэкІуэцІхэр зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

МащIэ щIэхъум и щхьэусыгъуэр

● ЛэжьапIэ IэнатIэхэр

Ди зэманым щIэгъэхуэбжьауэ цIыхухэм я пIэм роботхэр къоувэ икIи кIуэ пэтми абыхэм ди IэнатIэхэр яубыдынущ. Аращ лэжьэгъуэ махуэхэр е сыхьэтхэр гъэмэщIэн хуейщ, жаIэу щIытепсэлъыхьыр.

IЭЩIАГЪЭЛIХЭМ зэрыжаIэщи, цIыхур Iэпщэкlэ щылажьэм зэманышхуэ текIуадэрт. Псалъэм папщIэ, XIX лIэщIыгъуэм цIыхухэр сыхьэт 14-кIэ лажьэу щытащ. Сыхьэтийм дэ дыщыхуэкIуар Октябрь революцэ нэужьырщ. ГъэщIэгъуэнщ: нэхъ зызыужьа промышленность зиIа Инджылызыр абы щытегушхуар ЕтIуанэ дунейпсо зауэм иужькIэщ.

Япэм ящIэу щытам елъытауэ, иджы зэфIах лэжьыгъэр нэхъ гугъущ, еш зэрымыхъунум тещIыхьауэ жыпIэмэ. УадэкIэ гъущIым уеуэнымрэ техникэ зэпкърыплъхьэнымрэ зэхуэдэкъым, лэжьакIуэм жэуаплыныгъэ хэлъын зэрыхуейр къыбощтэри. Хьэршым ягъэкIуэну ракетэм елэжьхэм ящыщ зыгуэр емыгугъумэ, къэхъунур гурыIуэгъуэщ. Аращ цIыхухэм загъэпсэхун хуейщ щIыжаIэр, роботым иджыри хуэмыщIэ лэжьыгъэр щыуагъэншэу зэфIихын папщIэ. ЦIыхур емышауэ, гукъыдэж иIэу бгъэлэжьэныр нэхъ фейдэщ, кIыхьлIыхьу ар IэнатIэм пэрыбгъэтыным нэхърэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, иджырей IэнатIэщIэхэр зытегъэпсыхьар щIэныгъэшхуэ зиIэ цIыхухэрщ.

Дэ деувэлIащ техникэм зэрызиужьым и фIыгъэкIэ лэжьакIуэхэр лей щыхъу зэманым. Зы лъэныкъуэкIэ ар фIыщ, икIи къыпхуэмыгъэувыIэн Iуэхущ. Ауэ сыт ящIэнур лэжьапIэншэу къэнэнухэм? Абыхэм къулейсыз хъуни мыарэзыуэ къэралым пэщIэувэни къахэкIынущ. КъухьэпIэ Европэр 1990 гъэхэм а Iуэхум щеувалIэм, псоми я лэжьэгъуэ зэманыр ягъэмэщIащ. Къэтщтэнщ Франджыр, Германиер, Бельгиер, Голландиер: хэти тхьэмахуэм сыхьэт 35-кIэ лэжьэным, хэти - 38-м, хэти - 37-м хуэкIуащ.

Лэжьэгъуэ зэманыр щагъэмащIэкIэ, я улахуэми кIэрыхунукъэ? Шэч хэмылъу. Абы хэкIыпIэу къыхуагъуэтараци, компаниехэм я фейдэм щыщ лэжьакIуэхэм трагуашэ. ХьэрычэтыщIэми къэралми яфIэфIыщэкъым я фейдэр зыIэщIагъэкIыну, ауэ цIыхуцIэ зиIэм и зыужьыкIэм абы дригъэувэлIащ. Псалъэм папщIэ, цIыхухэм я пIэкIэ лэжьэну роботхэр, механизмхэр зыщI компаниехэм ят налогыр къаIэтащ, зи IэнатIэр зыфIэкIуэдхэм е зи лэжьэгъуэ зэманыр зыхуагъэмащIэхэм я улахуэм кIэрамыгъэхун мурадкIэ. ЦIыхухэм ахъшэ ямыIэмэ, къыщIэбгъэкI щыгъыныр, шхыныр, техникэр, н.къ. зыщэхунур хэт? Экономикэр къызэтеувыIэнущ, цIыхухэр къулейсызмэ.

Хуэбгъэфащэу жыпIэфынущ къытпэплъэр: цIыхур сыхьэтиплI мэлажьэ, апхуэдиз дыдэ е нэхъыбэ трегъэкIуадэ и щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ хигъэхъуэным, и узыншагъэм кIэлъыплъыным.

ЗэрытщIэщи, ди къэралым, ди республикэм заводышхуэ, фабрикэ куэд щызэхуащIащ иужьрей илъэс 30-м. 2000 гъэм къыщыщIэдзауэ IэнатIэу зэхуащIар нэхъыбэщ къызэIуахам нэхърэ.

Дыгузавэу, япэм щыIа къызэIутхыжыну яужь дикIэ къикIынышхуэ щыIэкъым. Дэ экономикэмкIэ депхащ нэгъуэщI къэралхэм. Япэм экономикэм лъабжьэ хуэхъуу щытар щIыдагъэ, газ промышленностымрамэ, иджы щIэныгъэм епха технологие ехьэжьахэращ. Псалъэм папщIэ, робот, шофёр хуэмей автомобиль къыщIэзыгъэкIхэм яубыдащ бжьыпэр. Ахэр къызыхащIыкIхэм ухуеинущи, химием зеужь, иджыри къэс щымыIа пкъыгъуэхэр къагупсыс. А пкъыгъуэхэр къызыхахри щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэращи, а промышленностми зиужьынущ.

Сыт хуэдэ ди Iуэхур, цIыхущхьэм тепщIыхьмэ. Бжыгъэхэм мыращ жаIэр: илъэс 15 - 70 ныбжьым иту диIэщ цIыху мелуан 90, щылэжьэфыну ныбжьым иту - мелуан 79,7-рэ. Дзэм хэтхэр хыумыбжэу, цIыху мелуан 71-рэ диIэщ лажьэу, IэнатIэ Iумыту - мелуан 12-м щIигъу. Иужьрейхэм ящыщ куэд унэм щIэсын хуей мэхъу, сымаджэм е жьы хъуам кIэлъыплъын, сабий япIын папщIэ. Мелуани 3 - 4 хуэдиз диIэщ лэжьэну хуэмейуэ. Ауэ ахэри цIыхущи, сымаджэмэ гъэхъужын, нэгъуэщIкIи ядэIэпыкъун хуейщ.

Зы къэгъэшыпIэ гуэрым нэсащ цIыхуцIэ зиIэр. ИкIи щIэныгъэкIэ, жылагъуэм и къызэгъэпэщыкIэкIэ япэ ищыфхэращ бжьыпэр зыIыгъынур.

● ЩIыуэпс

Мэзи, хьэуаи, псыи

ЩIыуэпсым теухуауэ уи нэр зыхуэбуфIыцI мыхъун Iуэхущ зи гугъу сщIынур

Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыIэ Джэдмыш псыкъелъэр зэрыгъуар зи жагъуэ мыхъуа къэгъуэтыгъуейщ. Газетым къит хъыбарым тепщIыхьмэ, ар къыщIэхъуар къуажэм дашэн псы къыхашыну яужь ихьати аращ. ЩIыуэпсыр зыдж щIэныгъэлIхэм я псалъэ, я Iуэху еплъыкIэ щIэмыдэIуарэ е къулыкъущIэ гуэрхэм къазэрыфIэщIым хуэдэу лэжьыгъэр зэфIаха - сытми, егъэлеяуэ дахэ псыкъелъэр гъуащ, ди щIыналъэр зэрыгушхуэ щIыуэпс беягъым дыкIэлъыIэбэми, къытхуемыгъэгъэзэжыну кIуэдащ.

СИ къуажэжь Арщыдан иджыблагъэ сыкIуауэ псыхъуэм сыщыдэплъэм, слъагъур си фIэщ схуэмыщIу си гъусэм сеупщIащ, «псыр гъуауэ ара?» жысIэри. Ди сабиигъуэми къэхъурт гъэмахуэм псыр цIыкIу щыхъу. Ауэ иджы зы ткIуэпси дэтыжкъым - мывэрэ, пшахъуэрэ, пхъэнкIийрэщ плъагъур.

Мэзыр Iисраф зэращIар щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ жаIэ. Къуажэдэсхэр куэд щIауэ тепсэлъыхьырт мэзыр зэраIэщIэкIым. Иджы: «Мэз диIэжкъым, псыр къуажэм къэмыс щIыкIэ йогъуэщыкI», - аращ Арщыдан щызэхэпхынур.

КъехьэкI-нехьэкI хэмылъу жыпIэмэ, щIыуэпсым епха гузэвэгъуэшхуэщ псыр зэрыгъуар. Арщыдан арыншами гугъу ехьырт псы зэфэн ямыгъуэту, иджы я джэдкъази, я Iэщи, я хади псы щыщIэнущ. Ар зы. ЕтIуанэрауэ, бжьэпэм тес куэдым я унэм къыщIэкI бжьамийкIэ фIеипсыр псыхъуэм даутIыпщхьэу, псым ар зэрыхузэфIэкIкIэ зыдрихьэхыу щытати, и чэзум а мыхъумыщIагъэр зыми къызэтригъэувыIакъым. Иджы дауэ зэрыхъунур? Хэт зыщIэр псыхъуэм щызэтрихьэну фIейм къыхэкIынкIэ хъуну узыр?

МэзымкIэ згъэзэжмэ, ар ткIийуэ ямыхъумэмэ, зэхафыщIар, жыг щраупщIыкIа щIыпIэхэр къамыгъэщIэрэщIэжмэ, дэри ди щIэблэри дызыщыщIэнур жыдмыIэми гурыIуэгъуэщ.

Хъыбар щыIэщ УФ-м и Минпроторгым хамэ къэралхэм псэуалъапхъэ пхъэхэкIыу яшэр игъэмэщIэну, абы щхьэщатыкI пошлинэм хигъэхъуэну. Уеблэмэ пхъэхэкIхэр зы пIалъэкIэ ирырамыгъэшынри хэлъщ, ди къэралым ахэр лъапIэ, гъуэтыгъуей зэрыщыхъуам къыхэкIыу. Зэрапхъуэнкъэ ди мэзхэр, нэгъуэщI къэралхэм я пхъэхэкI уасэр процент 30-м нэскIэ дыдейм нэхърэ щынэхъ лъапIэкIэ.

ФщIэн папщIэ: 2020 гъэм доллар меларди 4,2-рэ и уасэ пхъэхэкI Урысейм ирашащ. Китайм ищэхуащ и зэхуэдитIым нэхърэ нэхъыбэр. Абы унэлъащIэм къыщыщIэдзауэ сабийр зэрыджэгу хьэпшып цIыкIум щыщIэкIыжу къыщыхащIыкIынурэ, дэ къыдащэжынущ.

Зыгуэр къызыхэпщIыкI хъунум уемылIалIэу зэуэ пщэмэ, ар щIыдагъэми мэзми хуэгъэзауэ къащти, зыкъэпIэтыну, зыбужьыну, уи цIыхухэм лэжьапIэ IэнатIэ къахузэIупхыну гугъу мэхъу. Ар долъагъуххэ ди къэралым и политикэ, экономикэ ухуэкIэр ихъуэжыну мурад зэрищIрэ.

● ЩIэблэ

Гъэсэныгъэм и зы Iэмал

ЩыцIыкIум щегъэжьауэ щIэблэм егъэцIыхун хуейщ къызыхэкIа лъэпкъыр. Абы Iэмал иIэщ: и ныбжьым хуэгъэза тхыгъэхэм укъыхуеджэурэ, хуэщIэн хуэдизкIэ лъэпкъ Iуэхум хэбгъэхьэурэ.

КЪАРМЭХЬЭБЛЭ къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м адыгэм ди щыгъуэ-щIэж махуэм техуауэ дерсхэр щекIуэкIащ. Абы хэтащ пэщIэдзэ классхэри нэхъыжьыIуэхэри. ЕгъэджакIуэхэм дерс зэIухахэр ирагъэкIуэкIащ. ЦIыкIухэр тхыдэм ирагъэплъэжащ, адыгэ фащэм, лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуа хабзэхэм яхутепсэлъыхьащ, щыгъуэ-щIэж махуэм и мыхьэнэм - лъэпкъым ар къызэрыгурыIуэн хуейм и гугъу ящIащ, лъэпкъ дамыгъэхэр ирагъэщIащ, апхуэдэуи а махуэ гуауэм и нэщэнэ лентI удзыфэхэр хуагуэшащ.

НыбжьыщIэхэр гъэхуауэ къеджащ адыгэм и тхыдэ гуузым, ИстамбылакIуэ гъуэгур къызыхэщыж усэхэм. Нэхъыбэу гулъытэ хуащIащ хамэ щIыпIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъу усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм. Класс блыным фIадза Адыгэ ныпым хуэфэщэн щIэблэ къыдэбгъэкIуэтеиным гуащIэ ехьэлIэн зэрыхуейр къызыгурыIуэ егъэджакIуэхэр бэлэрыгъхэркъым цIыкIухэм я лъэпкъ гупсысэр псыхьыным теухуауэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ТекIуахэр ягъэгушхуэ

● Зэпеуэ

КъБР-м щыIэ МВД-м къыщапщытэжащ Сабийхэр хъумэным и махуэм ирихьэлIэу ирагъэкIуэкI «Полицейский дядя Степа» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм кърикIуахэр.

САБИЙХЭМ хуагъэлъэгъуат къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэм я къалэнхэм хуэгъэпса IэдакъэщIэкIхэр ягъэхьэзырыну. Зэпеуэм хэтахэм къагъэсэбэпащ пластилин, щэкI, ятIагъуэ, тхылъымпIэ, нэгъуэщIхэри.

Зэпеуэм и комиссэр хэплъэну къаIэрыхьат республикэм и район псоми ящыщ сабийхэм я IэдакъэщIэкI 30-м щIигъу. Жюрим хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэхэмрэ ведомствэм и лэжьакIуэхэмрэ.

Зэпеуэм щытекIуащ Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №6-м и етIуанэ классым щIэс Кабалоевэ Даниярэ и IэдакъэщIэкIыр.

Къатинэ Iэминэ (Арщыдан къуажэм дэт курыт еджапIэ №1, 2-нэ класс) етIуанэ увыпIэр къиихьащ, Бэлахъуэ Дианэ (Тэрч къалэ, МКУ ДО ЦДТ, 6-нэ класс) ещанэ хъуащ.

Апхуэдэуи гулъытэ хуащIащ Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №2-м и 2-нэ классым щIэс Знаменская Александрэрэ Май къалэм дэт гимназие №1-м и 2-нэ классым щеджэ Копыловэ Вероникэрэ ягъэхьэзырахэм.

Урысейпсо зэпеуэм щыщу республикэм щекIуэкIам щытекIуар кIэух зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ хэтыну Iэмал игъуэтащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● ЩIэ

МафIэгум исү зызыплъыхьхэр

ЩIымахуэ кIуа лъандэрэ Урысей Федерацэм щIэуэ щаублащ зыплъыхьакIуэ кIуэхэм мафIэгу щхьэхуэ хухахыу. Псалъэм папщIэ, щIышылэ - гъатхэпэ мазэхэм унагъуэ куэдым я сабийхэри я гъусэу Москва - Великий Устюг - Кострома - Москва яку дэта мафIэгумкIэ къакIухьащ.

IУЭХУР зэрыщытыр мыращ: мафIэгур пщэдджыжьым зы къалэм нос, цIыхухэм махуэ псом абы зыщаплъыхь. Пщыхьэщхьэм къокIуэлIэжхэри загъэпсэху, мэжей. Пщэдджыжьым ахэр нэгъуэщI зы къалэ нэсынущ.

Накъыгъэм и 1-м япэу ежьащ зыплъыхьакIуэхэр къезышэч «Жемчужина Кавказа» мафIэгур. Ар щэбэтым Москва къыщожьэри, Новороссийск, Кисловодск, Грознэ, Мэхъэчкъалэ, Дербент, Волгоград къалэхэр зэщIегъэхьэ. Мы мафIэгум плацкарт, купейнэ, СВ, «Люкс» вагонхэр хэтщ. Билетыр сом мини 7,9-м къыщыщIедзэ, сабийхэм ейр нэхъ пудщ.

ЗыплъыхьакIуэ къежьэхэр хы ФIыцIэ Iуфэ яшэнущ, абыхэм ирагъэлъагъунущ Кисловодск и псы хущхъуэ ефапIэхэр, Шэшэн Республикэм и бгылъэ щIыналъэ щIэращIэхэр, Дагъыстэным и Сулак псыхъуэр, нэгъуэщI куэди.

Нэгъабэ и гъэмахуэ лъандэрэ ТIуапсырэ Абхъазым и Гагрэ къалэмрэ зэпещIэ зыплъыхьакIуэхэр къызэрырашэкI «Сочэ» мафIэгум.

«Туризм и индустрия гостеприимства» зыфIащауэ ягъэзащIэ лъэпкъ проектым хиубыдэу мурад зыхуагъэувыжащ къэралым и зыгъэпсэхупIэ дахэхэр транспорт лIэужьыгъуэхэмкIэ зэрапхыну, цIыхухэм тыншу загъэпсэхуну Iэмал иратыну.

Мы Iуэхур зэраублэрэ илъэс хъупакъым, дяпэкIэ абы нэхъри зрагъэужьынущ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ**.

Мариинкэм и къудамэ

Къанэ щымыIэу зыхуей хуагъэзэжауэ Владикавказ къыщызэIуахыжащ оперэмрэ балетымкIэ и Лъэпкъ къэрал театрыр - Санкт-Петербург и Мариинскэ театрым и къудамэр.

ШТРАУС Иоганн и «Летучая мышь» спектаклращ абы япэу щагъэлъэгъуар. Санкт-Петербургрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я артистхэм зэдащIащ мы лэжьыгъэр, Мариинскэ театрым и дирижёр нэхъыщхьэ Гергиев Валерий я пашэу.

Абы зэрыжиIамкIэ, мы лэжьыгъэм иджыри куэд къыкIэлъыкIуэнущ, артистхэр дяпэкIи зэдэлэжьэнущ, театрыр фIыуэ зылъагъухэр ягъэгуфIэн папщIэ.

Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Меняйло Сергей жиIащ Оперэмрэ балетымкIэ театрыр Осетие Ищхъэрэм и хъугъуэфIыгъуэм щыщ зэрыхъуар. Къэрал къулыкъущIэм фIыщIэ хуищIащ театрыр къэгъэщIэрэщIэжыным зи гуащIэ хэзылъхьа Гергиев Валерий.

Къыхэгъэщыпхъэщ, блынхэм къищынэмыщIа, псори зэрызэрахъуэкIар, ар иджырей щэнхабзэ IуэхущIапIэ гъэщIэрэщIа зэрыхъуар.

ГъащIэ узыншэм хуэзыущий зэпеуэ

«Кизиловка» турбазэм щекIуэкIащ, Урысей МЧС-м «Школа безопасности» зыфIища и проектым хыхьэу, сабийхэм папщIэ къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэ.

АР ЗЭХАШАЩ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и къулыкъумрэ «Школа безопасности» щIыналъэ къудамэмрэ.

Зэпеуэхэм хэтащ республикэм илъэс 13 - 16 зи ныбжь и школакIуэхэу 60-м нэблагъэ къызэщIэзыубыдэ командэу 7.

Зэхьэзэхуэр къыщызэIуахым зыкърагъэхьэлIащ IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм, «Боевое братство» жылагъуэ организацэмрэ альпинизмэм и ветеранхэм я лIыкIуэхэмрэ.

Командэхэм къагъэлъэгъуащ щIыпIэм зэрыхэзагъэр, палаткэхэр зэрагъэувыр, альпинист Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпу бгым зэрыдэкIыр, фэбжь зыгъуэтам зэрыдэIэпыкъур, мафIэс эстафетэм, нэгъуэщI зэпеуэ щхьэхуэхэми хэтащ.

Зэпеуэм хэтахэр зэхьэзэхуэм и дэтхэнэ Iыхьэми пэлъэщащ икIи екIуу зыкъагъэлъэгъуащ.

ЩIыналъэ МЧС-м ныбжьыщIэхэм папщIэ губгъуэм шхапIэ къыщызэрагъэпэщати, зэпеуэм кърикIуахэр къэзыпщытэхэр лэжьэху, абыхэм шэджэгъуашхэ ирагъэщIащ.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ Новая Балкария къуажэм дэт курыт еджапIэм и «Тигр» командэм. Налшык къалэм и курыт еджапIэ №18-м и «Отряд-101» гупым етIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ. Ещанэ увыпIэр къихьащ Прохладнэ къалэм и «Азимут» командэм.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ иратащ кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ.

- Зэхьэзэхуэр хуэгъэпсащ къытщIэхъуэ щIэблэр гъащIэ узыншэм хуэущииным, альпинизм спортым зегъэубгъуным, - жиIащ «Школа безопасности» щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Малкандуев Аслъэн**.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым я лэжьакIуэхэм, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я Адыгэ Хасэхэм хэтхэм гущIыхьэ ящыхъуауэ хъыбар фагъащIэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ артист **Мэремыкъуэ Хъусен Билал и къуэр** дунейм зэрехыжамкIэ икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэк Iхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1927 ● Заказ №1110